ӘЖИНИЯЗ





ӘЖИНИЯЗ



(*Таңламалы шығармалары*)

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1994

84 кар 1
Ә 50


Әжинияз. *Таңламалы шығармалары.* Нөкис:—Қарақалпақстан—1994. 116 бет.

Қолыңыздағы қарақалпақ әдебиятының классиги, бабамыз Әжиниязның таңламалы шығармалары уллы шайырымыздың 170 жыллық мерекесине арналып шығарылып отыр.

Баспаға таярлаған ҳәм редакциялаған:

Ибрайым Юсупов—Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры.

Ҳусниддин Ҳамидов—Өзбекстан илимлер академиясының хабаршы ағзасы.



Ә 4702270201-175 / М—357(04)94 Б—94

ISBN—5—8272—1546—5

ХАЛЫҚ МУҢЫН, ИНСАН ӘРМАНЫН ЖЫРЛАЎШЫ ШАЙЫР

Дүньяда Зийўардек дәртли киси йоқ,
Бийдәртлердиң анық билен иси йоқ.
Ялғаншыда зәрре көңил хошы йоқ,
Мәзи тықыр-тықыр тили болмаса.

Әжинияз

Ҳәр қандай халықтың белгили бир заманларда оның кеўил дәртлерин иләҳийде сөз шеберлиги менен жырлаўшы, оның миллий муңларын жан күйдирип муңлаўшы шайыры болады. Қанша дәўир арадан кешкенде де халқы оның қосықларын умытпай, ҳәр сөзин нанның усағындай қастерлеп, ядында сақлайды, атадан балаға өткизип барады. Оның қосықларын еситкенде ямаса оқығанда инсан кеўли ләззетке бөленип, „қайта бастан гөне дәрти қозғалып", өмир сүриўге ҳәўеси артады, руҳында бир жигер пайда болып, қыялына қанат питеди. Халық оған тил тийгиздирмейди. Өйткени бул шайыр халық жүрегинде руҳый сулыўлық тымсалына айланған. Әжинияз әне сондай шайыр болды.

Егерде Бердақты өткендеги қарақалпақ әдебиятының ең бийик шыңы десек, бул оның дөретиўшилигиниң кең ҳәм терең халықлығында; заман және тарийх даўылларына мәрдлик көкирегин ашып, қорланған мийнеткеш халқының азатлығы ушын гүреслерде оны руҳландырыўшы идеялық көсем болыўында; шығармаларының терең демократиялық күшинде.

Ал енди Бердақтың бул уллылығы өзиниң даңқлы заманласы болған Әжинияздды ҳасла көйлеңкелемейди. Асқар таўлардың бийик шыңлары бир-бирине сая салып, күннен тасаламайды. Сол дегендей, еки үлкен талант бир заманда, бир топырақта жасап, екеўи бир халықтың сөйлер тили болған шайырлар. Лекин олар өз ана тилиниң көркемлик байлығын, дилўарлығын ҳәр бири өзинше услап тутты. Яғный айтқанда, ҳәр бир үлкен шайырдың өз жолы бар. Усы нәзерден қарағанда, Әжинияз қарақалпақ поэзиясында инсан кеўлиниң нәзик қубылысларын, арзыў-әрманларын, қайғы-ҳәсиретин, ашықлық сезимлерин түрли сақка жүгиртип, көркемлик гүлине бөлеп жырлаўшы лирикалық қосықтың шебери болды.

* * *

Әжинияз Қосыбай улы, изертлеўши алымлардың мағлыўматларына қарағанда, 1824-жылы Таллық дәрьясының жағасында, тарийхый Бозатаўға сыбайлас ашамайлы-қыятлар отырған аўыллардың биринде орта ҳаллы дийқан хожалығында дүньяға келген. Болажақ шайыр дәслебинде аўылындағы Хожамурат ийшанның мешитинде саўат ашады. Соңынан бул зейинли баланы туўысқан дайысы сөркөлли Елмурат ахун өз қолында тәрбиялайды ҳәм оқытады. Ол киси жас Әжиниязды Хийўаға алып барып, Шерғазы медиресесине оқыўға берген.[1]

Ертеректе Шерғазыда Мақтымқулы да оқығаны мәлим. Хорезмли алымлардың тастыйықлаўына муўапық, Әжинияз оқыўды Қутлымурат инақтың медресесинде питкерген. Соңлықтан оның дийўалына Әжиниязның естелиги ушын мәрмер ләўҳа орнатылды.

---

1 Қ. Байниязов. Әжинияз шайыр ҳаққында. . . „Жас ленинши", 1975-ж. 12 август

Әжинияз шайырлыкта Зийўар тақаллуси (лақабы) менен косықлар жазған. Шайыр 1878-жылы дүньядан өтип, өз туўылған мәканында Куўсырық (Сейтек ийшан деп те жүритиледи) әўлийесине қойылған.

Шайырдың өмир тәғдирине, шайырлығына күшли тәсир қылған қубылыслар ўатан айралығында, елинен узақта дәрбадарлықта жүриўлерине байланыслы болды. Көбинесе оның қырда, қазақ арасында болыўлары шайырдың өмир тарийхында ҳәм дөретиўшилигинде терең из қалдырған.

Ол заманларда халық ҳәзирги Қазалы әтирапларын „қыр" деп, қарақалпақ, Хорезм ойпатын „ой", „астырт" деп жүргизген. Қырдағы көшпели шарўа қазақ байлары, мырзалары ойдағы еллерден, көбинесе тили, турмыс тәризи өзине жақын болған қарақалпақ арасынан талып илим саўатлы адамлардан молла жаллап алатуғын болған дейди. Жалланған моллалар ерте бәҳәрде кетип, гүзде қәрежетли, кәликли болып елге қайтатуғын еди. Ерте бәҳәрде жаз жайлаўға шыққан шарўалар моллаға көбинесе ел шетирегине „жолым үй" тигип берип қоятуғын болған.

Қырға Әжинияз да (соңлары Аббаз шайыр да) барып турған. 1977-жылы Қызыл Ордада Қарақалпақ мәдениятының күнлери өтип атырғанда атақлы дыйқан, Социалистлик мийнеттиң туңғыш қаҳарманларының бири Ибрай аға Жақаев ушырасыў шағында айтқан еди: „Бизлер әзелден тығыз қатнасықлы бир туўған халықлармыз. Әжинияз бенен Қыз Менештиң айтысын мен бала гезден көп еситкенмен. Мырза Қожбан заманында табынның күшли шарўа байы болған, оның тұқымлары ҳәзир де бар. Ол бай жәие сал-сери киси болған. „Қожбанның калпақ молласы" деген сөздиң мәниси, ол өзиниң мешит кәўимине қарақалпақтан молла туткан да оны ат-тон берип сыйлап, той-мерекелерде қасынан қалдырмай алып жүрсе керек. Тама Мырза Қожбанның нағa-

шысы болған. Елдеги үлкен бир тойда Қожбан өзиниң ақын молласын Қыз Мелеш пенен айтысқа салады. „Мен елиңиздиң молласыман ғой, қой, уят болар" деп Әжинияз жалтарса да, мырза Қожбан оны айтысыўға мәжбүрлеген дейтуғын еди ғаррыларымыз".

Бул айтыс соңғылығында қазақ ҳәм қарақалпақ арасында кең таралып кеткен. Оның бир үлгиси 1878-жылы Ташкентте шығып турған „Түркстан ўәлаяты" газетасында басылған. Ал енди Әжинияздың 170 жыллығына шығарылып атырған бул китапқа айтыстың Шоманайдан Аяпберген шайырдың баласы Реймберген жазып алған үлгиси жиберилип отыр.

Әжинияздың елден шетлеп көп жүриўлерин айырым изертлеўшилер шайырдың қалыңлығы бир түнде жоғалып кетип, мойнына қун түсер болған, жас Әжинияз „қыз тири, оны таўып келемен" деп, қырға кеткен деген әңгимеге байланыстырады. Халық айтса қалпы айтбайды деген, бәлким бул да болған ўақыя шығар. Шайырдың „Шықты жан" деген муқаллесинде сол ўақыяға ишарат ететуғын: „Алты сан алашты гездим, тапмадым намыў-нышан,„ „Тапмадым маҳбубымнан гезип жаҳанды ҳеш хабар", „Ақылы-ҳуўшым кетти излеп ол залымның духтарын" деген сөзлер бар. Солай да, шайырдың өмир тәғдиринде оны аўыр руҳый ҳалатқа ушыратқан, ўатан сағынышына гириптар еткен ең баслы ҳәдийсе Бозатаў трагедиясы болғаны гүмансыз.

Шайыр жүрегин аўлақ дүз, қула даланда самалдың өтинде өсип турған, ықлар панасы жоқ жекке түп дәраққа мегзетсе болады. Даўыл ҳәм боранлар оған бир соқлықпай өтпейди. Ол тыныш жасаў, ықлаў, шөлиркемеў, жабырқамаў мүмкиншилигинен жаратылысында мәҳрум етилген. Сол дегендей, шайырдың руҳый өмири халық тәғдири менен түйесиңирдей өтлесип кеткенде ғана, заманның тарийхый тебиренислерине сетемшил сезимталлық пенен жантаса алғанда ғана, жаны жәбир-

ренип, гүңиренип толғанғанда ғана Әжинияздың қосықларындай шығармалар туўылады. „Бозатаў“ бунын айқын мысалы.

„Бозатаў“ды әдебиятшылар әдетте „поэма“ деп атайды. Өйткени, онда избе-из сүўретленген сюжетлик мазмундағы ўақыя болмағаны менен, киши көлемли шығарма болса да, онда бир халықтың жаўгершилик апатынан басына түскен қайғы-ҳәсиреттиң, руҳый жан азабының оғада анық сүўретлемеси бар. „Бүлбил ушып, қонған“ ўатан айралығы, рейимсиз жаўызлық азабы, әрманлы жүрек шери, ат алдында әсир түсип баратырған „гүлпақлы уғлан“ лардың, „көзи қунхар“ қызжәўанлардың ели менен еңиреп хошласып баратырған муңлы даўыслары қулағыңа тал-тал еситилип турады. Қарақалпақ халқының ең атақлы миллий қосығына айланған „Бозатаў“ дың намасын да Әжинияз өзи шығарған деседи.

Тарийхта „Қоңырат көтерилиси“ деп аталатуғын, 1859-жылы жүз берген қайғылы ўақыяның ишинде Әжинияз өзи де болғанлығы жөнинде еске түсириўлер халық ядында сақланған. Буны „Бозатаў“ шығармасының өзи де тастыйықлайды. „Душпанлар жәбиринен кетермен болдым“, „Бенде болып түстим, қолым шатылды“, „Зийўарың хошласар кадириңнен билип, Көзини яшартып, бағрини тилип“ деген сөзлерди бул ўақыяның ишинде тиккелей өзи болмаған шайыр айтпаған болар еди.

Бенде болып түсип, қолы шатылып байланған әсирлер арасында Әжинияз да кеткен. Бозатаўдағы Молла Пирим қаласын (дөгерегине ор қазылған әпиўайы бекинис қорғанын) алып, елди талап, әсир алып кеткен Атамурат ханның атлы нөкерлери бозатаўлы қызларды, балаларды, жигитлерди Мешҳеп ҳәм Теҳранға дейин апарып сатады. Ал Әжинияздың шайыр ҳәм ахун-улама екенлигин билип Мақтумқулының қосықларын саз даўысқа салып айтыўларын тыңлап, азат

етеди ҳәм ат-тон сарпайлап, елине қайтыўға рухсат береди деген рәўият бар. Бирақ ели-халқынан айра түскен, руҳы ада болмас азапланған шайырдың нағыз дәрбадар өмири енди басланады.

Бүлбилди зар етип шайда гүллере,
Мәжнүндек айдабән шөлден-шөллерә,
Несийбим көп шашып ғайры еллерә,
Шөплеп болдым десем, тамам болмады.

Әжиниязда ўатанды сүйиў ҳәм ўатан айралығы, сағыныш сезимлери басқа шайырларға қарағанда наятый күшли. Ол ўатан сағынышына қәлем тебиренткенде, ҳәттеки сүтлимеклер „жылына үш ирет мийўалап", „қырында қызарып пискен геўиреклер қаўындай мазалы жемиске" айланады. Ол ҳеш қайда өз елиниң қызларындай сулыў қыз-жаўан, өз елиниң жигитлериндей ғошшақ жигит „таба алмайды". Жас әўладтың ўатан сүйиў, азаматлық сезимлерин тәрбиялаўда Әжинияздың қосықлары оғада баҳалы қадрият болып табылады. Шайырдың жаслық дәўран, ашықлық ҳаққындағы қосықларының сулыўлығы ҳәзирги заман жасларын да мафтун қылмақта. Олардың көбисине марҳум композитор Әбдирейим Султанов ҳәм басқа да сазенделеримиз пәкизе намалар шығарып, хош ҳаўаз қосықшыларымыз, бақсыларымыз оларды бәрҳама сүйип айтады. Нәжимаддин Мухамадинов тәрепинен дөретилген биринши туңғыш қарақалпақ миллий операсы „Әжинияз" уллы шайырдың руҳынан илҳамланып жазылған гөзал шығарма болып табылады.

* * *

Әжинияздың шайырлығын, өмир тарийхын изертлеў, қосықларын жәриялаў бойынша туңғыш мағлыўматлар Н. Дәўқараев, Қ. Айымбетов, О. Кожуров, тарийхшы

алым П. Ивановтың қалемине тийисли. Олардан кейин Б. Исмайлов, М. Нурмухамедов, С. Ахметов шайыр Т. Жумамуратов, А. Каримов, С. Камалов, Р. Қосбергенов, Қ. Худайбергенов ҳәм басқа да изертлеўшилер өз мийнетлеринде Әжинияз ҳаққында пикирлерин айтқаны бар. Шайырдың өмири ҳәм шығармалары жөнинде Қ. Айниязовтың көп ғана жаңа мағлыўматлары дыққатқа ылайық. Соңғы ўақытларда Әжинияз шығармаларын үйрениў бойынша К. Мамбетов, А. Муртазаев, жас алымлар Б. Генжемуратов, Г. Дәўлетова ҳәм басқалар мақалалар жәриялады.

Әжинияздың қосықларын дәслеп жазып алып жыйнаўшылар арасында С. Мәўленов ҳәм Ш. Хожаниязовтың хызмети инабатлы болды. Олардың жыйнағанлары 1940-жылы „Қарақалпақ халық творчествосы" деген жыйнақта шыққан еди.

Ал енди шайырдың бираз шығармалары ески қолжазба күйинде жетип келгенлери бар. Буларды ҳәм Бердақтың ески қолжазба шығармаларын оқып, жәриялаўда, классик поэзиямызда күншығыс әдебий дәстүрлериниң синисиў тарийхын изертлеўде алым Хусниддин Ҳамидовтың хызметлери оғада саўаплы ис. Сөздиң ийни келгенде, уллы шайырымыздың мийрасын баҳалаў ҳәм оны басып шығарыўдағы даўам етип киятырған олқылықлар жөнинде айта кетким келеди. Бул бойынша биз, әдебиятшылар ҳәм алымлар, Әжинияздың шығармаларын шөп-шардан тазалап, шайырдың өзиниң қәлемине мансуб қосықларын таза күйинде халыққа жеткизе алмай атырмыз. Әсиресе оның соңғы 1988-жылы ҳәм 1993-жылы шыққан жыйнақларында Әжинияздың шайырлық тәбиятына уш қайнаса сорпасы қосылмайтуғын, көркем шығарманың талабына ҳасла жуўап бермейтуғын қосықсымақлар басылып жүрипти. Бул қосықсымақларда көркемлик жоқ болып ғана қоймастан, оларда әдеп-икрам, уллы шайырға тән бийик мәдений͏ят, сыпайылықта жоқ. Мәселен, „Сөйтип, сениң,

ақ жүзиңнен сүйсем де, бәнт болған ашыққа жүрек, жаным бар." дегенди қалай түсинемиз? „Ақ тамақ, қыпша бел сүйикли ярым, иңкарым, дилбарым неге келмеди?" дегендей бийәдеп, көркемлиги жоқ сөз жыйынтығынан туратуғын нәрселерди оқыған адам, оны баспаға таярлаған, китап етип шығарғанларға ынжылады әлбетте. Ямаса, „Бул жерде көп еди ноғай шәҳәри, оларды жоқ еткен орыс қәҳәри" дегенди Әжинияз айтты дегенге ким исенеди? Шайырсымак биреўлер „мынаў Әжинияздики, мен халық аўзынан жыйнап келдим" деп әкелген самтықларды шайырдың топламларына қосып отыра беретуғын, көркем сөзди айырып парықламайтуғын бир қанша алымларымыздың зейнине тийсек те, буны айтпасақ болмайтуғын шығар деймен. Өйткени, бул ҳаслында әдебият таныў илимимиздиң эстетикалық талғамымыздың сайызлығынан дәрек беретуғын жағдай.

* * *

Тоталитар режим идеологиясы дәўиринде Әжинияздың шайырлық мийраслары да әдеўир қысым көргени мәлим. Оны „үлкен шайыр, „Бозатаў" поэмасы жақсы шығарма, ол муҳаббатты жырлаған шайыр" дегендей көтермелегени менен, шайырдың уламалығын, руҳанийлығын партиялық идеология жақтырмайтуғын еди. Сонлықтан оның исми шәрифлери де мәңгилестирилмеди. Бердақ пенен Әжинияздың миллийлик, оқымыслылық жақларын ашып бериўге тырысқаны себепли даңқлы әдебиятшы алымымыз Нәжим аға Дәўқараев қатты қуўдаланып, руҳый азапланыў ақыбетинде өмирдек мезгилсиз көз жумды. Бийғарезлик, руҳый еркинлик дәўири басланған ҳәзирги жаңа заманда ғана ишке салынған демлер жаздырып, мәдений мийраслар, миллий қадриятларымыз ҳаққындағы ҳақыйқатлық жүз көрсетип атыр. Халқымыздың теберик шайыры болған Әжиниязды жәмийетшилигимизге толық мәнили тулғасында танытыўда бул еркинликтен дурыс пайдаланыўымыз ҳәм уллы шайырымыздың руҳын шад етиўимиз лазым.

Ибрайым Юсупов
Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры

14-октябрь 1994-жыл.



КӨҢЛИМ МЕНИҢ




ға беглер көңлим жетим,
Ашылмас думана мегзер.
Бир басымдағы ҳәсиретим
Гирдаблы уммана мегзер.

Өмиримниң қасри йықылған,
Ығбал кәсасы төкилген,
Хатсыз, қәлемсиз шекилген
Бир әжеп деўана мегзер.

Дәртимниң жоқ ҳеш даўасы,
Бузылды көңлим Хийўасы.
Үмидиўар инсан дүньясы
Шәўкетсиз дәўрана мегзер.

Арзыўлар көзгүси сынған,
Суўлар әсбек болып тынған,
Жетим көңлим байғуш қонған
Бир көшки—әйўана мегзер.

Ашық—ярсыз, бүлбил—гүлсиз,
Кийик—шөлсиз, сона—көлсиз,
Зийўар айтур, йуртсыз—елсиз,
Адам бир дийўана мегзер.



ЙОҚТЫ



әйле ҳа, бүлбил зибаным,
Еки келур заман йоқты.
Кетер бир күн шийрин жаным,
Бу сөзимде гүман йоқты.

Жан бир гүлдур солур олса,
Әзрайылдин хабар келсә,
Жаның тәниндиң айрылса,
Андын өзге яман йоқты.

Кимлер ашық болып өтти,
Кимлер мақсудына йетти,
Қара жер бәршесин йутты,
Ялған дүнья қойан йоқты.

Өзини билгән қыз-уғлан
Ойнап күлип сүрер дәўран,
Бәрше бул дүньяға меҳман,
Ҳеш ким тири қалан йоқты.

Мен әйлесем бир-бир баян,
Паний ермиш ошбу жаҳан,
Искендер, Рустәми дәстан,
Ол ҳәм тири йурән йоқты.

Дүньяны йығнаған Қарун,
Аны ҳәм йер йутты бир күн,
Өтер инсан дүркин-дүркин,
Ҳеш ким тулға болан йоқты

Ким анадан ялғыз туўса,
Меҳрибан ғамхор йоқ болса,
Алған яры жаман болса,
Андын тамуғ-зиндан йоқты.

Яман олсалар зүриядын,
Шықмас дүньяда ҳеш атың,
Болмас ҳасла көңил шадың,
Бул сөзимде гүман йоқты.

Үриксе башдин дәўлетиниз,
Кетер иззет-ҳүрметиңиз,
Билгил, артар мийнетиңиз,
Шындур, сөзим, ялан йоқты.

Йигитлер күлип шад олуң,
Ушбу сөзге мани бериң,
Шады хуррам болып күлиң,
Ҳеш ким мунда қалан йоқты.

Өтти Юсуп ҳәм Зулайха,
Ҳури ғулманыў Мәлийка,
Аңа ашық болан Ҳәмра,
Бәри тири йүрән йоқты.

Ақтым дәрьядек йош урып,
Сөз үстине сөз ашурып,
Шүкир ҳаққа қол қаўшурып,
Бу көңлимде гүман йоқты.

Зийўар көңли дәрди әләм,
Сөзләсәм шығар дәмбәдем-
Мәна сөздиң башқа, эгам,
Ҳеш нәмәрсә берән йокты.





ЕЛЛЕРИМ БАРДЫ


орасаң елимди, Қожбан, бизлерден,
Қалпағы қазандай еллерим барды.
Қәте шықса кешириңлер сөзлерден,
Қытай, Қоңырат атлы еллерим барды.

Жайлаўым—Үргениш, арқасы - теңиз,
Жаўырыны қақпақтай маллары семиз,
Рухсатсыз бир-бирине салмас из,
Бирликли Қоңырат еллерим барды.

Табылады излегенниң кереги,
Көлинде бар қасқалдағы, үйреги,
Қуўлары, ғазының пүтин бүйреги,
Дүньяның аңлары көлимде барды.

Өтирикти ырас етип айтпаған,
Туўры жолдан бас кетсе де қайтпаған,
Нәмәҳрәмди ҳасла жолдас тутпаған,
Аты қарақалпақ еллерим барды.

Сөйлегенде шекер етер сөзиңди,
Көргенде биймағрур етер өзиңди,
Баҳары тойдырар еки көзиңди,
Ләйли, Зуләйҳадай қызлары барды.

Сүйрик саўсағында периўза жүзик,
Беллери қыналған бир қысым нәзик,
Ҳәр қолында алтын, гүмис билезик,
Салланып мәс гезен қызлары барды.

Атқа шыққан ашамайлы,—қыятта,
Қолдаўлы, мүйтениў,—барлық қоңыратта,
Қытай-қыпшақ, кенегесиў-маңғытта,
Ат көтермес белли беглери барды.

Гүдары белбеўи дизеге түскен,
Бойы ақ теректи аралап өскен,
Ғаным көрсе қайнап дәрьядай йошқан,
Қалпақтың қалқанлы жигити барды.

Беллескенде хан палўанын қоймаған,
Күш-қарыўы бир бойына сыймаған,
Шақырмаса мерекеге бармаған,
Қоңыраттың Гүжектей палўаны барды.

Ядыма түскенде кеўилим өскен,
Көзим көрмегенше көкейим кескен,
Жылында мийўалап үш рет пискен,
Аты сүтилмектей жемисим барды.

Сәрҳаўыз бойында саялы терек,
Жесең тил үйирген әселиў пәлек,
Қырында қызарып пискен геўирек,
Қаўындай мазалы жемисим барды.

Мал ийесин табар, сөз тапса жүйе,
Шөбинде шипәәт, қусында кийе,
Теңиз етегинде болар қаншийе,
Булардың бәршеси жеримде барды.

Көрмеген ҳайранда еслери танар,
Үрганиш наққашы мақбари минар,
Бағларымда писер алмайыў-әнар,
Ҳесапсыз мазалы жемиси барды,

Жилўа таслап ҳәр не барын саз еткен,
Жигитлердиң кеўлин бәҳәр—жаз еткен,
Қасын қағып, жилўа билән наз еткен,
Бағлардың ишинде қызлары барды.

Мен бүйерде жүрген иши зәрдели,
Ел-журтын көрмеген ағыр дәрдели,
Кеўлимниң хошы жоқ мен ҳәм бир дәртли,
Айтсам иште толған ҳәдийсим барды.

Несип айдап сизиң еллерге келген,
Ким жақсы, ким жаман парқыны билген,
Ҳәр не барын сизге баян әйлеген,
Қалпақтың кәмийне Зийўары барды.





ДӘЎРАН БОЛМАДЫ

Сәнемлер қолында тилла саз едим,
Ҳәўижге келтирер жәнан болмады.
Туғырымда талпынған алғыр баз едим,
Қалпе-сайядларым маман болмады.

Өмир берсе иши-тысы әрманлы,
Не дәркар сүрмесең беш күн дәўранды,
Шөллерде жүгирген аҳыў-жәйранды
Саялаған шенли дәўран болмады.

Әлип қәддим далдек болып бүгилди,
Көзлеримнен қанлы яшым төгилди,
Жол бойына үйген ҳасыл жүгимди
Базарға елткендей кәрўан болмады.

Дәрек йоқ ушырған қуба қушымнан,
Базарым тарқады ерте пешиннен,
Кәрўан өткен ўақта мениң тусымнан,
Көңил мүлқим жолға әнжам болмады.


Сырым паш етпедим ҳәргиз ҳеш кимге,
Ситәмкәр әйләдим жанға беш күнде,
Гүзар дәрбентине қурған көшкимде
Дәртимди дәртлесер ҳәмдәм болмады.

Дүнья бир көрсетип Ләйли жамалын,
Алды кетти пикри-зикри қыялым,
Қырман таяр ўақта бермей шамалын,
Шамал берсе атар қырман болмады.

Бүлбилди зар етип таза гүлләрә,
Мәжнүндек айдәбән шөлден-шөлләрә,
Несийбим көп шашып ғайры еллере,
Шөллеп болдым десем, тамам болмады.

Менде ўатан болды елатсыз қалған,
Бағларынан бүлбил ушып, зағ қонған,
Зийўар дер дүньяға келгеним ялған,
Менде бир бийқайғы заман болмады.





БАРДУР



еглер, тәрийп етсем қалпақ йуртыны,
Қуп әжеп тамаша еллери бардур.
Ариф болып ҳақ йолына еришкен,
Мүршидиў мүкәммәл пирлери бардур.

Қыры дийханшилық, суўы-сәмәкли,
Ҳәр жерде кәни бар көрсең нәмәкли,
Ғазлы, қаскалдақлы, көли өрдекли,
Йери мурғы зарлы шөллери бардур.

Бардур қыз-жаўаны қашлары кәман,
Йүзин таққас етсең хүршийди табан,
Аны көргенлердиң ақылы ҳайран,
Ләйли, Зуләйхадай ҳүрлери бардур.

Қыз-жаўаны бардур әдеп-икрамлы,
Сәдептен дәндәнлы, қушдек даҳанлы,
Шийрин-шәкәр сөзли, сүжик зибанлы,
Сәнем киби қыпша беллери бардур.

Бардур перийзады алма янақлы,
Ләби ғунша, шәкар киби додақлы,

Қумар ала көзли, бадам қабақлы,
Зуҳра киби гөззал қызлары бардур.

Алма көз әреби атдур мингәни,
Көйләкшәси зәрбап, алтын йүгәни,
Пайтабасы үштоп, атлас кийгәни,
Бай уғлы байбәтше беглери бардур.

Йигит гезер дауам қыш билә язы,
Әреб атлар минип, әлгинде базы,
Изинде қулақы шашақлы тазы,
Сағрысында зәрбап жүнлери бардур.

Йигитлери бардур Рустем сыпатлы,
Гөруғлыдек ғыйрат минген ҳайбатлы,
Дәулетиярдек шижәәтли, ғайратлы,
Кескир қылыш, темир тонлары бардур.

Мингени әреб ат мойны ғылшақлы,
Көйләкшәси зербап алтын шашақлы,
Мөҳир бар қолында, тилла пышақлы,
Арзы аталықтай беглери бардур.

Хан атлас тон кийген, сүргени сәмән,
Рақиблерә салған қайғыу-ғам думан,
Ҳәр күндә йүз тилла уазыйпа алан,
Сержан найып деген беглери бардур.

Артық бий, Шамурат йәне Қарлыбай,
Калмәмбет, Ермамбет, Ҳәсен, Абылай,
Төренияз бий және Ҳәким Нурлыбай,
Бели ақ пышақлы беглери бардур.

Бажы-хыраж алур Жәмшит, Ҳираттан,
Ташкент, Жангент, Дижлә, Ходжент, Пираттан,

Атының қазығы беш йүз манаттан,
Қабыл беглер беги беглери бардур.

Төремурат бийиу Сапарниязы,
Қәдирберген, Садық ҳәм Абылғазы,
Айтса ада болмас Ҳажыниязы,
Бес жүз мөҳирдарлы бийлери бардур.





БОЗАТАЎ



етер болдық енди бизлер бас алып,
Хош аман бол бизден қалдың, Бозатаў.
Хошласалы қара көзге жас алып,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Жер ҳәм ел билендур, ел ҳәм жер билен.
Жерсиз елдиң күни дәрбедәр билән,
Әмири өтер жүректеги шер билән,
Қәдириң сениң бизге өтти, Бозатаў.

Жок едим, бар болдым, кәмала келдим,
Минип әреби атлар, дәўранлар сүрдим,
Наныңды көп жедим, рәҳәтиң көрдим,
Хош аман бол, бизден калдын, Бозатаў.

Неше ўақ жақсыға ҳәмсөҳбет болдым,
Шады-хоррам болып ойнадым-күлдим,
Душпанлар жәбридин кетермен болдым,
Хош аман бол бизден калдың, Бозатаў.

Сен бағ един, бүлбил ушты, заг қалды,
Пүткил сийнем жанды, иште дағ қалды,
Қыйсық Поркан атаў, сени жаў алды,
Басы кутлы, соңы қашқан Бозатаў.

Кимсәниң анасы, кимниң әммеси,
Кимсениң ағасы, кимниң иниси,
Кимсениң қыз-уғлы, кимнин сиңлиси
Әтирек, Гүрген, Хажар асты, Бозатаў,

Кимсениң қыз-уғлы, арзыўлы яры,
Кимнин қашы қара, көзи хуңқары,
Әсир болып, телмирисип ҳәр сары,
Йығлап ат алдына түсти, Бозатаў.

Атадан айрылды ғулпақлы уғлан,
Сатылды, ҳүр басын әйледи ғулам.
Кимлер Ирақ кетти, кимлер кетти Шам,
Кимселер Гурд, Теҳран асты, Бозатаў.

Кимсениң қардашы, уғыл ҳәм қызы,
Тутылды күн билән айыў-йулдызы,
Ҳәрир атлас кийген кимниң ялғызы,
Залымлар әлгине түсти, Бозатаў.

Қара көз, қыпша бел, қыз билен жаўан,
Йузлери гүл киби, көзлери мәстан,
Қуда әмири билән бардылар Балқан,
Дәўлет қусы сендин ушты, Бозатаў.

Кирпиги оқ, аның қашлары—кәман,
Йузлери қырмызы, хуршийди табан,
Ләйли-Зулайхадек не гөззал жанан
Әсир болып қолға түсти, Бозатаў.

Сәҳәр ўақта қырлы дүпең атылды,
Бенде болып түстим, қолым шатылды,
Перийдек қыз шоры болып сатылды,
Кәнийзлик басына түсти, Бозатаў.

Қала бузып түркмен бағрым дағлады,
Кимсени дүпеңлеп, кимди бағлады,

Сенде көп мусылман уғлы йығлады,
Басыңа қыямет түсти, Бозатаў.

Кимсә шаҳийд болды, жандын айрылды,
Кимсә гәда болды, малдын айрылды,
Кимсә көзи қуңқарыдан айрылды,
Басына мүшкил ис түсти, Бозатаў.

Тәғдир Алладандур, себеп—Қоңыраттан,
Бийрәҳим Сейилхан деген елаттан,
Айра түстиң ашамайлы-қыяттан,
Елатсыз, жайлаўсыз қалдын, Бозатаў.

Ер йигит башына мүшкил ис түсти,
Жүрек-бағрым ғамның отына писти,
Елатың үстиңнен серпилип көшти,
Хош аман бол, бизден қалдың, Бозатаў.

Қала басы болдың сен, молла Пирим,
Өзиң талиб-илим, көңлиңде кириң,
Қоңырат баланды алса, ол да өз бирин,
Жат еллерге бенде түскен, Бозатаў.

Көзим яшлы мен кетермен, шарам йоқ,
Бир кудадан басқа пушты панам йоқ,
Ҳәмме кетти. сенде турар адам йоқ,
Хош аман бол бизден қалдың, Бозатаў.

Зийўарың хошласар қәдириңнен билип,
Көзини яшартып, бағрини тилип,
Аман болса, ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол бизден қалдың, Бозатаў.



СЕЛ БОЛАДЫ



Таў басынан ақса ақыш,
Төменини сел қылады.
Йоқшылықтан аққан көз яш
Румалымды ҳөл қылады.

Бу нә қайғы, бу не думан,
Болалмадым дәрттен аман,
Ишпей шарап, шегип афған,
Аҳлы-ҳуўшым лал болады.

Дәртлерим күн-күннен бетер,
Зар йығлайып күним өтер,
Залым пәлек бизге не етер,
Қашан мақсет ҳал болады.

Йүре алмадым ойнап-күле,
Мәжнүндейин шықтым шөлә,
Кеше-күндиз қайғыў билә
Элиф қәддим дал болады.

Дәртим артар дәмбе дәмдин,
Қутылмадым ҳәргиз ғамдин,
Мәдәт истеп, аллам, сендин,
Көзде яшым сел болады.

Әжинияз дер мениң атым,
Йетмес аллаға фәриядым.
Иште лаўлап жанған отым
Қашан өшер күн болады?





МАЙДАН ИШИНДЕ



әр ғош йигит саўаш күни
Доланур майдан ишиндә.
Мәрт билә нәмәрттиң парқы
Билинур майдан ишиндә.

Болғыл өз ишиңе пукта,
Бедәўдин айырма нокта,
Нәмәрдлер кулағы ақпа,
Ешитмәс майдан ишиндә.

Қайғыў меҳнәт болды ярым,
Шықмас көңүлдин ғубарым.
Кеше-күндиз аҳыў-зарым,
Қалыбман ҳайран ишиндә.

Гездим ғәриплик йолында,
Ғарқ болып шәшмә көлиндә.
Юсупдәк Мысыр елиндә,
Қалыбман зиндан ишиндә.

Алла салды, бейле йола,
Хәр кимсәдин кылмаң гийнә,
Мәжнүн киби шықыб шөлә,
Қалыбман гирян ишиндә.

Шох ишләр кешти башымнан,
Сел болды көзлер яшымнан,
Айрылыб тени-душымнан,
Қалыбман ҳайран ишиндә,

Шабан минип шаңда қалма,
Еки берип, бирди алма,
Бийўапаға көңил берме,
Қалурсаң әрман ишиндә.

Ғәрип Зийўар қылма гирян,
Ҳақ өзи болғай меҳрибан,
Қушарсаң ҳүр илә ғулман,
Жәннети ризўан ишинде.





АЙРЫЛСА



шықлар ағлайур лэйлиў-нэҳары,
Қара көзли қэдди далдын айрылса.
Руўзы-шэп қан йутып, шекерлер зары,
Шийрин сөзли сужук тилден айрылса.

Ашық-машук ушын жаныдын кешер.
Мудам ышкы отына өртенип писэр,
Ер йигит қайғыў йеб, күндэ қан ишэр,
Несиб айра түшиб елдин айрылса.

Сэмек өлур суўдын айрылса бир күн,
Қанаты суў болса, ушалмас сулгүн,
Қаршыға, ийтелги йэнэ ақ туйғун,
Йемин табмас қоша балдын айрылса.

Елинен айрылған дийўана болур,
Ярынан айрылған бийгэна болур,
Ҳэррелер ушубан пэрўана болур,
Уясы бузылып, палдан айрылса.

Ғош йигиттиң дэўлети бар башында,
Ҳэм ағасы ҳэм иниси қашында,
Ҳэр ким өз елинде тени-тушында,
Йигит қэдири болмас елдин айрылса.

Бағлар әдира қалур шөл берсе ҳазар,
Бәзерген малысыз саўылмас базар.
Йылына йетмәйин азарда-тозар,
Қатунлар тул қалыб, ердин айрылса.

Йигит қашшақ болур, сәўбәти болмас,
Ағайин-халықара иззети болмас,
Мейлис-мерекеде ҳүрмети болмас,
Дәўлети тәрк әйлеп, малдын айрылса.


Дәҳ дегендә озан канатлы қушдан,
Туяқы нәҳәлли алтун-кумушдән,
Алма көз әреби ат қалур минишдән,
Қуйрығы дөкилип, ялдан айрылса.

Зийўар айтар, саңа келур шум өлум,
Сөйле қазан урып солмайын гүлиң,
Сөзләмәкдин қалур бу қызыл тилин,
Бир күн шыбын киби жандын айрылса.





ҚАНАТЫНАН ҚАЙРЫЛСА



улпар дегенябы яңлы болмайды,
Таўдан қайтпас дойнағынан майрылса,
Дәрт көбейсе, тәнде дәрман қалмайды,
Жер таяныл, қанатынан қайрылса.

Адам уғлы ҳәргиз ғапыл болмасын,
Қызыл гүли ғумшалансын, солмасын,
Ақ жүзине сарғыш қайғы толмасын,
Ҳалы қыйын ғайратынан айрылса.

Бул дүньяның көрки адам баласы,
Сол адамның көкке жетер наласы,
Көңилдиң, көп болар қайғы-жапасы,
Хош қылықлы сәўер ярдан айрылса.


Бүлбил қәпестедур, сайрарға тезлен,
Шешенлер утылса туўрылық сөзден,
Көргишлер айрылса ол еки көзден,—
Жуп шамшырақ рәўшанынан айрылса.

Бул дүнья өтерлер енди басыңнан,
Қатар яраныңды алып қасыңнан,

Зәҳәр-заққым етип ишкен асыңнан.
Әрман билан бул дүньядан айрылса.

Алғыр қус хор болар балдан айрылса,
Ер жигит хор болар малдан айрылса,
Жасы жетпис үшке шыққан мамалар,
„Бахтым қара“—дейди шалдан айрылса.





ЗАМАН КЕРЕК

Баҳадыр ғошшақ жигитке,
Халыққа мәлим батыр мәртке,
Бәрдаш берер қайғы дәртке,
Жанажан қардашы керек.

Жигит шықса узақ жолға,
Жаў-жарағын алып қолға,
Сермеп қылыш оңлы-солға,
Жол баслар сәрдары керек.

Малы көп сансыз байларға,
Ҳәпармай мереке-тойларға,
Кейнине салыўға қойларға,
Қулағы кесик қул керек.

Ўақтым өтти сәрдар деген,
Саўаш болса қардар деген,
Бул гәпимниң парқын билген,
Ўдайына айтыў керек.

Сөгис келтирип атаға,
Исин жиберип қатаға,
Аўылдағы кәтқудаға
Есапсыз пара пул керек.


Халық сораған аталыққа,
Исин жүритип қаталыққа,
Күш берип өнбес салыққа,
Халықты постырған шул керек.

Қумартып тегин ақшаға,
Адамды көмип пақсаға,
Халықты сораған патшаға,
Күнде-күнде урыс керек.


Сорлы пухара халыққа,
Қол созып бәрҳа жарыққа,
Көнбей дөҳметли салыққа,
Жайнап жаснар заман керек.

Шад болып дәўран сүриўге,
Паянлы дүнья көриўге,
Қатар-қурбы менен жүриўге,
Әжиниязға заман керек.





ЕЛИ БОЛМАСА



ахт устинде турған әдил султанлар,
Бир байша йоқ сорар ели болмаса,
Йуреклери ат башыдек батырлар,
Қатынша йоқ ат-жарағы болмаса.

Моллалар хун шекип хатларын язар,
Бойнында потасы дәрўиш ел гезер,
Бас-басына болып пухара тозар,
Ҳәр йуртның патшасы әдил болмаса.

Қудайым сақласын залым патшадан,
Тиләкиңни тилә қәдир қудадан,
Аўан яқшы мундағ молла-хожадан,
Кәлем йонып, язар хаты болмаса.

Жақсыға мал менен жаман тең болур,
Малы болмаса ҳәм мәртлер кең болур,
Ер жигитлер өз теңинен кем болур,
Айдар малы, минер аты болмаса.

Дүньяда Зийўардек дәртли киси йоқ,
Бийдәртлердиң аның билән иси йоқ,
Жалғаншыда зәрре көңил хошы йоқ,
Мәзи тықыр-тықыр тили болмаса.



ЙОШЫ БОЛМАСА



Яранлар бир сөзди айтайын сизге,
Йигит гезә билмәс йошы болмаса.
Акыл болсаң пәхим әйлегил бул сөзге,
Неге гезсин кеўил хошы болмаса.

Мәрт билән нәмәртди айырар саўаш,
Саўаш майданында керек карындаш,
Шул майданда жаның кетсе, геўде лаш,
Мәрт йигитниң мәрт кардашы болмаса.

Баҳадырлар алла дийип ат салар,
Нәмәрт йигит шаппай майданда калар,
Ислам дийип жаўға кылышын урар,
Кылыш кеспес ғайрат-күши болмаса.

Ғош йигитниң минген аты айланур,
Аны көрип мәрттиң кеўли шайланур,
Алғанының зия-зулпы таўланур,
Зулп ярашмас кәлем-кашы болмаса.

Йигитниң шийрин тил ҳаялы болса,
Үйине кыдырып меҳманы келсе,
Алғаны салланып барыны койса,
Меҳман күтсе, башка иси болмаса.

Ақыллы яқшының гийнеси болмас,
Яман адам гийне тутса умытпас,
Атқа минген билән кәтқуда болмас,
Йурттан асқан ақыл-ҳуўшы болмаса.

Ҳәр ким суўпы болса, нәпси кем болур,
Кеўли өлип, қалый жайда гум болур,
Нәпси өлмесе, йигит билән тең болур,
Йәне таат-ибадаты болмаса.

Йигит несийп шекип, ят елге барса,
Анда барып, шәкәр билән бал ишсә,
Ағайин-қарындаш ядына түшсә,
Нәйлаж йурур теңи-досы болмаса.

Ҳақ бәзирген йолға шықса ярашар,
Күн-түн сегбир тартып дағ, шөлден ашар,
Базы ўақта кәрўан йолдан адашар,
Йолын билген кәрўан башы болмаса.

Мәртге ат болмаса, атша жуўырар,
Өзинде йоқ болса, түшип ким берәр,
Теңиниң ишинде өлгәндек болар,
Айтта-тойда минәр аты болмаса.





БОЛУР



ара дағның уша басы,
Қарлы болур, қарсыз болур.
Бир ғош йигит ят еллердә
Маллы болур, малсыз болур.

Бәҳәр өтип, келсе язлар,
Салланышар сәрўи назлар,
Ғаңқылдашан қуба ғазлар
Көлли болур, көлсиз болур.

Хорезмдә қалды жайлар,
Шекәр олдым аҳы-ўайлар.
Тағ башынан аққан сайлар,
Селли болур, селсиз болур.

Кәрўанлар кешер шөлләрдә,
Суксурлар ушар көллердә,
Бир ғош йигит ят еллердә
Тилли болур, тилсиз болур.

Ят еллердә ғош йигитлер,
Йүрәкинә салмақ дәрдләр,
Мойны кулаш әреби атлар
Яллы болур, ялсыз болур.

Арзыў әрман пәлек иши,
Тынбай ақар көзим яшы,
Йад еллердә йүрген киши,
Йоллы болур, йолсыз болур.

Кимә айтай арзыў-ҳалым,
Көңлимдә көп қыйлы-қалым,
Өткен өмир-маҳы салым,
Белли болур, белсиз болур.

Ғариб Зийўар күндә ағлар,
Йүрәкимдә шокдур дағлар,
Рәңбәрең ашылған бағлар
Гүлли болур, гүлсиз болур.





ҚЫЗ БАЛА КӘМАЛА КЕЛСЕ...



ыз бала кәмала келсе,
Алмадек пишкәнә мегзер.
Мәўжирип аққан дәрьядек,
Толысып ташқана мегзер.

Шар тәрепке көзин салып,
Яр дәрдинен күйип-жанып,
Бир сөйлескен естен танып,
Шарапатлы жазға мегзер.

Он сегизге келсе жасы,
Қулпы дөнер көзи-қасы,
Ақылынды алар жилўасы,
Таза ашылған гүлге мегзер.

Тал шыбықтай таўланып,
Таўыс киби ол сайланып,
Он тоғыз жаста доланып,
Қус киби ушқана мегзер.

Бадам қабақ, йузинде қал,
Жолына бағыш дүнья мал,
Қумар көзли, зулпы тал-тал,
Он төрт күнлик айға мегзер.

Жаның ерир саўлатына,
Йош берген көңли шадына,
Сүйген жетер мурадына,
Қолы жеткен ҳажға мезгер.

Қарасаң қədди далына,
Келбети, сийне-салына,
Көз тойдырған жамалына,
Қанып ишкен палға мегзер.

Ашық ярдур аҳыў-зары,
Жанынды алар көз қумары,
Түссе жүзиңе дийдары,
Қәдир сағымына мегзер.

Нәзер етсе көзи шалып,
Жылўа оты жаныңды алып,
Бир сөйлескен мийри қанып,
Шыпалы қәстеге мегзер.

Несип болып гүл дийдары,
Сүйгенниң таркар қумары,
Сийнесинде қос анары,
Беҳиш алмасына мегзер.

Мал берген қардары болса,
Қолына узатып алса,
Қәдирданы изде қалса,
Тахтынан түскене мегзер.





ҚУБА ҚУШ



еттиң көзден ғайып болып,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш!
Мен гезермен сайыл болып,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Ушмағыл бадның өринә,
Шықмағыл дағның серине,
Рәҳим ет аттың теринә,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Атаң—туйғын, енең—лашын,
Қаршыға жийен қардашын,
Келип көргил көзим яшын,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Енең—лашын, атаң—сунқар,
Сени көрсе титирер аўлар,
Өрдек, ғазыў, сүйлин, зағлар,
Келҳа-ҳа қуў-қуў, қуба қуш.

Сен бир қустың алғыр базы,
Йолда қалды мәллә тазы,
Мен күтәрмән қышыў—язы,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Сени қуўды шум қара қуш,
Қутылай десең бир елге туш,
Ел таппасаң бермаған уш,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Сени дийуб Зийўар ағлар,
Йурек бағрын отқа дағлар,
Өлгенше истәб сорағлар,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.





ҲӘР КИМ ҲАТАМ БОЛУР ПАНИЙ ДҮНЬЯДА



әр ким Ҳатам болур паний дүньяда,
Бар болып дәўлети ҳәмде ҳиммети,
Ҳақ нәзери түсип, йетер мурада,
Тузук болса ықлас пенен нийети.

Якшы адам көз-көзлемес дүньяны,
Болса сақаўаты, кайры иҳсаны,
Ер йигитке келсе бир күн мийманы,
Келур мийман билән қуда рәҳмәти.

Якшы болса ер йигитниң жананы,
Көкирегинде қалмас зәрре әрманы,
Яман болса мәрт йигитниң алғаны,
Башында дүньяның қайғы-ғүлпети.

Дәўлетиң кем болса, алғаның яман,
Жылында үйиңе келмейди меҳман,
Зайыбың якшы ҳәм болса мийрибан,
Қатын емес, ол бир қуда нағмети.

Зийўар айтар ҳақ әмирине бол қайыл,
Ҳақ жолында қурбан болды Исмайыл,
Қәҳәрленип келсе бир күн Әзирейил,
Бермей таслар бир дем ҳасла мәўлети.



ҲАЛ КЕРӘК



ар тәрепдин меҳман келсе, күтмәгә—
Әўелҳа йигитке химмат-ҳал керәк.
Дилжәм болып үйдә тыныш ятмаға,
Дәўлети, бийҳесап дүнья мал керәк.

Йигит керәк дәрья киби ташмаға,
Кеўил пәрўаз етәр көкке ушмаға,
Белге мәдар такыб, кеўил ашмаға,
Әдепли-әрқанлы уғыл зат керәк.

Қулақ сал, яранлар, пәҳим үгитке,
Мийўа питпес қара тала, сөкитке,
Бәш күн ойнап күлген ғошшақ йигитке,
Қәлем қаш, қыпша бел, қәдди дал керәк.

Тентәкке—жудырық, мәжгүнгә—урыш,
Дәўкеске—төбеләс, палўанға—тутыш,
Бедеугә—йуўырыш, буўданға—йуриш,
Ябыға ҳәм қуйрык билән ял керәк.

Дийханға жер керәк, туқымыў-ҳөккиз,
Булбилә гүл керәк, назбайыў-әфруз,
Балықшыға дәрья ишра я теңиз,
Кишти керәк, йоқса жекен сал керәк.

4—241

Йуқ салмаға Шынмашиныў—Бухара,
Русы, ноғай, Хожәнд йәне Херата
Ҳақ бәзирген саўеагәри базара.
Тақ өркешли әлўан-елўан нар керәк







КЕМ БОЛУР

Ер йигит қолында малы болмаса,
Ялғаншыда өз теңинен кем болур,
Әреби ат арыса, жалы болмаса,
Арқасы яғырдан бойы ләң болур.

Йигитке әреби ат керек әўелҳа,
Екинши зәң керек хоширей зийба,
Андын соңыра перзент керек ҳәм дүнья,
Дүньясы болмаса ҳалы таң болур.

Ғош жигитке керек бир яры зийба,
Қәлем қас, қара көз, қамәти-рәғна,
Йигиттиң қатыны болса бийҳая,
Күнде үй ишинде ғаўға-жәң болур.

Жаман қатын ерниң айтқанын етпес,
Сөзини тыңламас, кеўлине жетпес,
Күнде үй ишиниң ғаўғасы питпес,
Мәрт йигиттиң жүрек-бағры қан болур.

Жаманнан жақсының сорасаң парқын,
Аспан—жер арасы айдын көп жақын,
Жаман жигит бийзар етер елатын,
Сөйлегенде жақсы менен тең болур.

Жақсы қатын ерур қуда неғматы,
Өпсең, қушсаң әзиз жанның рәҳәти,
Жақсы ярдың, беглер, билсең сөҳбети,
Ялғаншыда жәннет билән тең болур.


* * *

Қыш акрабы яқшы ғайры елаттан,
Ғайры елат яқшы жаман зуряттан,
Жорғасыз. жүриссиз бир шабан аттан,
Қос арбаға белли өгиз яқшырақ.

* * *

Қасқалдаққа бир ағары май питсе,
Ғарқылдасып,қонар көлин танымас,
Патшаның дәўлети қайтайын десе.
Көзине май питип, елин танымас.





БАРМЕКЕН



рзыў әйлер көңилимиз өз йуртымызға барғалы,
Ярыў-дослар ҳәм қәдирдан билән бирге жүргели.
Раҳим әйле, пәрўардигар, елге жеткер сен мени!
Я илаҳим, елимди көрер күнлер бармекен?

Ҳақ әзелде әйлемиш ошбуў йүриш бизге несип,
Ярыў-достан айрылып, қайғы-думан баска түсип,
Бирге жүрген қызыў-жаўан, яр-яран менен көрисип,
Яр билә ҳәмдәм болып жүрмеге күнлер бармекен?

Сақлағыл, пәрўәрдигарим, биз бул ғәрип бәндәни,
Билменем меҳман етипсең нешше күн жан тәндеги,
Малыў-мүлким, ҳәр не барым тапсырдым мен тәңирге,
Билменѐм, пәрўардигарим, елди көрер күн бармакен?





АМАН БА?




ағалтай елинен келген жанларым,
Әжекеңниң аҳыў-зары аман ба?
Бүлбиллер сайраған шәмен бағларым,
Бағ ишинде қызыл гүллер аман ба?

Арқыратып бедеў минип шыққаным,
Тазылар жуўыртып, көкмар шапқаным,
Көзиңе көз түсип қаслар қаққаным,
Арғын түскен жана-жаным аман ба?

Ер жигиттиң жарасығы яр деген,
Мерекеде көрип, „үйге бар“ деген
„Болып жүрмен саған аҳыў зар“ деген,
Көңил берген қарыйдарым аман ба?





ЖАЗҒА МЕГЗЕР



ыял етсем, мениң көңлим,
Бир ертлеўли атқа мегзер.
Бир достыңнан кеўлиң қалса,
Ғалет жазған хатқа мегзер.

Халайықлар ойлап қара,
Татыўласар кем-кем ара,
Дус болсаңыз якшы яра,
Өмириң гүлистана мегзер.

Ишиң толар намыс-арға,
Кеўил бермес рузигарға,
Исиң түссе пейли тарға,
Қәпесдеги қусқа мегзер.

Жипек минез, шын биймәлел,
Сөзлери шекер, ләби пал,
Қолыңа түссе бир гөззал,
Қызықлы дәўранға мегзер.

Ишиң толса әрман-шерге,
Кеўлиң мегзер қара жерге,
Жаман қатын жақсы ерге
Таўсылмас дөҳметке мегзер.

Ғош жигит болса ҳәмрайың,
Не қайғың бар, не пәрўайың,
Гүлистан кеўил сарайың,
Қыс күнлериң жазға мегзер.

Пуллы болса кәспи-кәриң,
Инсан бенен сарп ет барың.
Ҳәмме сениң досың-ярың,
Төрт жағың қублаға мегзер.

Келтирсем ақыл ойымды,
Дүньяның жоқдур тойымы,
Азада қызлардың қойыны
Жәннеттиң бағына мегзер.

Абадандур оңың-солың,
Жетеди ҳәр жерге қолың,
Болса ақыллы, мәрт улың,
Кеўлиң бәлент таўға мегзер.

Алыс-жақынды билмесе,
Ийнинде көзге илмесе,
Ийем саған ҳал бермесе,
Ағайының жаўға мегзер.

Сыр шашпас адам данасы,
Кең сарай кеўил ханасы.
Жаман қоңсының арасы
Күнде жәнжел даўға мегзер.

Көкке жетер шеккен налаң,
Ойран болар жигер, санан,
Ақмақ болса туўған балаң,
Өмириң зимистанға мегзер.

Халайықлар қулақ салың,
Буйырғаны мүлки малың,

Кеўлиңнен шықса ҳаялын,
Беҳиш ғулманына мегзер.

Наданларға бақса дәўлет,
Яқшыларға болмас үлпет,
Етпеген қайыр-сақаўат,
Миўасыз бир талға мегзер.

Арасатшыл шын хунаба,
Етпесе ҳаққыңа дуўа,
Мәселе айтпаған улама,
Суўы жок арнаға мегзер.

Ийемен деп уллы атакқа,
Аты белгили елатқа,
Жайылмаса сөзи халыққа,
Шайыр гөне тамға мегзер.


Адам улы—бәри адам,
Ҳаллас урғыл, кеўлим, шадлан,
Пазийлет билмеген надан,
Төрт аяқлы малға мегзер.



Қосық Мақтымкулының жолына жазылған (таярлаўшылар).



КӨРИНДИ



үкир ҳақның дәргайына,
Теңиз көринди-көринди,
Астымдағы арық ябы
Семиз көринди-көринди.

Йолдаш ертсең пикири эгри,
Йол әндийшең етпес туғры.
Қасымдағы еки уғры,
Доңыз көринди-көринди.





БОЛУРМЫ



әлий куңлим, ҳәр жайларда доланма,
Ҳәр жай-демек билән мәскан болурмы?
Сөзлегендә сөзниң парқын билмәгән,
Адам демек билән инсан болурмы?

Йигит керек өз жайында сөзлесе,
Ҳәр кимсә сыр бермей, сырын гизнесә?
Қәдирин биләр бир қәдирдан изләсе
Қәдирин билмәс жая меҳман болурмы?

Кәмирән катиби язарлар хатын,
Аллам берсин бендесиниң мурадын,
Бәршени ятқан қәдир кудадин
Инаят болмаса, султан болурмы?

Ғош йигиттиң аты—тоны шай болса,
Алан яры ақлы өзине тай болса,
Уғлы-қызы болуб, йәне бай болса,
Ялғаншы дүньяда әрман болурмы?

Яқшыны пәҳим әйле сөзлеген сөзден
Яманнын парқы йоқ көз бирле йуздей,
Әдебсиз-әрқансыз бийпәҳим қыздин,
Хошрей болмақ билән жанан болурмы?

Зийўар айтур, аллам, өзиң шад әйле,
Атым-тоным, көңил хошым бар әйле,
Қол-аяғым, башым, көзим сағ әйле,
Мендин ғайры дәрдә янған болурмы?





ЯҢЛЫДЫ



ғалар, ярымның тәрийпин десем,
Туўбы ағаш аның қәдди далыды,
Қулқы—пығлы, ҳалы аўҳалын десем,
Мисли Мәжнүн сүйген Ләйли яңлыды.

Аны өз сунийдин яратмыш субҳан,
Йузи он төрт күнлик айдек нәмаян,
Көрген бийхуш болур аны шул заман,
Сәйил етип беҳиштен шыққан яңлыды.

Қантыў—набат, шаҳди—шәккар ашлары,
Қундыздан қарадур аның шашлары,
Зәйин етсеңиз анын қәлем қашлары,
Кәтип қәлем менен сызған яңлыды.

Отырышы—тырна, йуриши—ғаздур,
Бастан аяқ тамам ағзасы наздур,
Хош сүўрет, хош әдеп, бир алғыр баздур,
Мысалы бақышы лашын яңлыды.

Зайығ олур бийўапаның йургени,
Айшы-әшрәт, заўқы-сапа сүргени,
Бир күн алып кетсе малын бергени,
Мисли қуш қашырған қәлпе яңлыды.

Зийўар айтар, енди не халың кешәр,
Я шу күн, я таңла кәрўаның көшәр,
Бул дәртли басыңа ҳәр бир ис түшер,
Бийўапа яр паний дүнья яңлыды.





ОЯН



ысйы шәб келдим қашына, назлы
жәнаным ояң,
Шам-шыраг яқтым башына, нуўры
әнўарым оян,
Көзлеримниң рәўшаны, ол маҳы табаным
оян,
Йолында зар әйлеген, әй мисли әфғаным
оян,
Мен сениң келдим қашыңға, рәҳим ет,
жаным оян.

Бу сәҳәр бағыңа келдим, биймәҳәл йолға түшип,
Ўәдеме йетсем дейип, гәҳи жүрип, гәҳи ушып,
Бийхабар сиз ятыпсыз алтын түгме бәнтин шешип,
Кеўлим истер кирмекти, жәннет киби қойның ашып,
Қойма бунша зар етип, көзиңди аш, ярым оян.

Саила сунма әлиң асмана питкан ая сен,
Посты ләттеңни судрәмә, ўыслат олынмас жая сән,
Гәр сени сакпан иле атса ҳаўаға мәил етән,
Әҳтимал тушсәң келип, теңиз тейинде лая сен,
Ашығың мәттал болып, башында тур, ярым оян.



ТҮСЕР



Ағалар, ярым тәрийпи,
Зулпы янағына түсер,
Сағағына дизсә мәржан,
Ошал буғағына түсер.

Бул жәҳәна тушмуш лапы,
Әлип әдепли, әрканлы,
Салланғанда сыя-зулпы
Ярдың қушағына түсер.

Салып тилла билезикти,
Қасы—яй, көзи сүзикти,
Шығарса алтын жүзикти,
Қайтып бармағына түсер.

Таққан өңирге моншағы,
Ғәўҳәрленген тулымшағы,
Алтынлап өрген шашбағы,
Жүрсе өкшесине түсер.

Сейил етип шықса салланып,
Яр қасын қақса таўланып,
Зийўар айтур күйип жанып,
Өз-өзиден отқа түсер.



БЕРИ КЕЛ



й-әлифтек наз етип, ҳәйкелин таққан,
бери кел,
Бе-буралып, саз етип, қашыны қаққан,
бери кел,
Те-туташып ог киби, қыя баққан,
бери кел,
Се-сәнә айтып, тилийдин паллар аққан,
бери кел.
Жым-жанымды өртейип, отларға
жаққан,бери кел.

Ҳа-да ҳалым көргизип тур, тәнде жаным сендедур,
Хий-қыялың кимдедур, бәлки қыялың мендедур,
Дал-даўа тапмас бул дәртим, дәртиме дәрмандадур,
Залы-заўқым, қәсте жаным көңлиме әрмандадур,
Ре-румалың қолға алып, қия баққан, бери кел.

Зеҳи-зеҳним кетип дур, келмекте болдым қашыңа,
Сын-сыядек қашларың, ҳинжиў тизилмиш шашыңа,
Шын-шәккердек ләблериң, баллар қосылмыш ашыңа,
Сад-сапа сүрмек ушын пәрўанадурман башыңа,
Зад-зар йыглап келдим мен, пәрўана баққан, бери кел.

Тайы-тақат қалмады көрген заман басқан изиң,
Зай-зулым әйлемесин, шийрин кәлам айтқан сөзиң.

Айны-әлемдек болып, рәўшан киби баққан йузиң,
Ғайни-ғәзеп қылмасын, жәллат киби бизге көзин,
Фе-фана болған жәҳанда интизарым, бери кел.

Қап-қарарым болмады, келдим изинде бийхабар,
Кеп-кемалыңа келдиң, пишкен төсиңде қоз әнар,
Ламы-лағлы ләблериң болдым сүймекке интизар,
Мийм-мәниңдек бийшара йығлап изинде зар-зар,
Нун-набатдек ләблериң балдан қосылмыш, бери кел.

Ўаў-ўапасыз дүньяда ўәдеңди кетпе бузып,
Ҳе-ҳәнуз тапалмадым сени сергизданлы гезип,
Лам-әлипдек ләблериң, көксиң хош әнарын үзип,
Я-яйдек кашларың, оқ кирпигиң бағырым езип,
Зийўарды зар йығлатып мәптун еткен, бери кел.





АЙ ӘЛИП



Й-әлип ким, ақ йузиңдур айни әләм әнўарий,
Бе-белиң қыпша дилбар, көз ғанаң шаҳла ўәлий,
Те-тисиңдур дана-дана ләблериңниң паллары,
Се-сорып шийрин ләбиң қанадурман, әй пәрий,
Жым-жамалың көрмегенше зары-гирян Зийўарий.

Ҳа-ҳая шәрмим кетипдур тыйғы жәлладың билән,
Хий-қыялымнан адастым данайы қалың билән,
Дал-даўа дәртимге таптым, ләптеги палың билән,
Зал-зеҳним хош етерлер нақшы дәнданың билән,
Ре-раўаж етти мени көксиндеги ҳәйкеллерий.

Зе-зайыр болса пәрий, сен зәрре мендин ақыл ал,
Сын-сия зулпиң тутарға қалмады ҳеш менде ҳал,
Шын-шараблы ләблериңди мен ишерге биймәлел,
Сат-сабыр әйлейин, ышқыңда еттиң ақлы лал,
Зат-зайыр болма, пәрийўәш, набәлентке мудамий.

Тай-табың хош мулайым, хош тәкәллум, хош әдеп,
Зайы-залым өңириңе мәрўер мунаққашын безеп,

Айни-ақылымды алды, әлгимдеги қалан сәдеп,
Ғайни-ғамзең көксиңе ярашады қуп әжеп,
Фе-фәрең румал дур, гүл йузинде гүлшәний.

Кап-қапақ қашың қақарға қақышан сүмбиллерин,
Кеп-кирпик көзлериңдур тийғы жәўҳар тиллериң,
Лам-ләбиң шийрин шекер мен бағ ара бүлбиллериң,
Мим-мени кеше күндиз тартты көңил-диллериң,
Нун-нәпис қамқаны кийген шаҳсуўарым, кел берий.

Ўау-ўәдеңде бар ма ықрар, ҳәй нигарым, бер хабар,
Ҳе-ҳилалы ҳижриден ҳәсиреттемен шамыў сәҳәр,
Ләмәлипдек ләбиңдин мен ишерге биймәлел,
Бунша мунафик болыб, ашықлара берме ҳазар,
Я-ядыңа түсер ме мен кибий ҳәмдәмләрий.

Мен аның ўаспын язарға әлиме алып қалем,
Жилўасы жанымды алған ол нигарға көп сәлем,
Тоты яңлы ҳәйәти ҳаўазы хош, шийрин кәлам,
Зәр-сия кәлемнен намаңыз еттим тамам.
Зайығ олмас деп, Зийўарың умийдуўар мийнетий.





БОЗАТАЎЛЫ НӘЗӘЛИМ



озатаўлы гүлбинәфша назәлим,
Әселиң ҳәррени гүлден бездирер,
Кирпиклериң сүзип баққан нәзериң
Жулдызды жаўратып, түннен бездирер.

Жамалың бир көрип кеттим димардан,
Йузимни угирдим шамси-қамардан,
Өзимни бездирип сабыр-қарардан,
Сабырыў-қарарымды меннен бездирер.

Кумырысқадек қыпша-қыпша беллериң,
Бармақ толы йузик-йузик әллериң,
Әсел қатқан сүжик-сүжик тиллериң
Жыланды жылжытып, иннен бездирер.

Фәлекниң ойыны—Жәйҳун гирдабы,
Бир тәбәссум етсең көңлимниң табы,
Ышқы ләшкериниң дәҳшат сәркабы
Бул аманат жанды тәннен бездирер.

Писте бурыныңда гилла әребек,
Екки қара көзиң екки бәледек,

Ургениш йуртында бегим Төребек,
Тахтынан тайдырып, елден бездирер.

Көңлим сәдебини бир-бир яздырып,
Қайта бастан гөне дәртим қоздырып,
Кәпир көзиң мусылманды азғырып,
Бийшәра Зийўарды диннен бездирер.





ГӨЗЗАЛЛАР



ыя бақып мениң жанымды алып,
Йуз мын жылўа менен шығар гөззаллар,
Йүрегиме ада болмас от йақып,
Мениң жаным отка йақар гөззаллар.

Тырнадек олтуриб, сонадек йурген,
Йузмың жылўа менен қабағын керген,
Шашларына лағлы маржан өткерген,
Мың тумен наз билән бақар гөззаллар.

Қара көзи гәўҳар киби жаўдырап,
Кийген тоны көрген сайын жалтырап,
Өңир моншақ ҳәйкел тағып сылдырап,
Сүзип қәлем қасын қақар гөззаллар.

Ҳайтта-тойда жигит-желең жыйылса.
Ай қасында жулдыз сәўбетлер қурса,
Саллана-доллана қыз-жаўан келсе,
Көздиң жаўын алар анда гөззаллар.

Яр сарайы дәўран он төрт яшында,
Қызлар йүрер ерди-дегри-дашында,
Айтар Зийўар яр саўдасы башында,
Ышқы шарабынан ишкен гөззаллар.



ЙОК МЕНИҢ



Қара көзли, шийрин сөзли дилбарым,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.
Таза гүлистаным, маҳи әнўарым,
Ҳәсиретиңнен ҳеш қарарым йоқ мениң.

Сени көрсем болур менин көңлим шад,
Жаҳанның ғамийдин болурман азад,
Нәзакат бабында қәмәтиң шәмшад,
Сендин өзге үлфикарым йоқ менин.

Назлы дилбар, сенсең ўафалы жәнан,
Хусниңниң рәўишине боларман ҳәйран,
Шийрин жаным болсын йолыңда қурбан,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.

Он екки пердеге екки тар десе,
Жигит сабырын жойтар сәўер яр десе,
Зийўар айтар, ҳүр-перийлер бар десе,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.





БИР ПӘРИЙ



Әрбарағ өрилген тилла шашбағы,
Акыл-хуўшым алып кетти бир пәрий.
Тал шыбықтай қыпша бели-белбағы,
Мени ҳайран етип кетти бир пәрий.

Сәйир әйлабан гезип саатлы заман,
Шаҳсәнем, Ләйлидей жүрип пәраўан,
Жәм болып турғанда бәрше қыз-жаўан,
Саллана-саллана өтти шул пәрий.

Келип хошластылар көзге яш алып,
Мен ҳәм турдым ерип, балқып босанып,
Шамшәди қамәти зерге жасанып,
Мени отка якып кетти шул пәрий.

Хошласып мен қалып, болып интизар,
Тәнимдә қалмады зәррәдек мәдәр,
Мен аның ышқында болдым бийқарар,
Ақлы-ҳуўшым алып кетти шул пәрий.

Тынбас кеше-күндиз көзим гиряны,
Болыппан мен аның бағры биряны,
Жисмимди өртеди дағы-ҳижраны,
Көзде яшым төкип кетти шул пәрий.

Келмес андай дилбар якты жаҳана,
Ҳуснини мегзеттим ҳуўри ғулмана,
Дишлери мәсаллик ҳинжи-маржана,
Бу заминнин йокдур шундай дилбәри.

Бул елде көрмедим аныңдек дилбар,
Кешени ак йузи әйлер мүнәўўәр,
Кийген либаслары тамамила зер,
Зия зулпы екен мүшки әнўәрий.

Йуз әлўан доланур қәддини дүзеп,
Нәзерлеп кирпигин оқ киби гезеп,
Ләйли, Зуҳра, Сәнем киби хош әдеп,
Бағ әрәмгә мүнәсипдур шул пәрий.

Ҳәр ким айтур, ана ҳәмдәм болсам деп,
Йолында жанымды пидә қылсам деп,
Мүбәрек жамалын және көрсем деп,
Зийўарды отларға салды шул пәрий.





ӘЙ, НАЗӘЛИМЛЕР



ул дуньяда айшы-әширәт якшыды,
Кел сапа сүрели, әй, назәлимлер,
Ашықларға мудам сөҳбет якшыды,
Кел, ойнап-күлели, әй, назәлимлер.

Ашықты өлтирер ярдың қыялы,
Бийҳуш етер татсан ләбиниң палы,
Ҳәр бир сөзи әсел киби мазалы,
Кел сапа сүрели, әй, назәлимлер.

Ашық-машуқ болса бир қалый жайда,
Айшы-әширет қурса тилла сарайда,
Тамаша етип, бүгин ҳайт билан тойда,
Кел, дәўран сүрели, әй, назәлимлер.

Өңирине ҳәйкел моншақлар таққан,
Ийба әйлеп күлип, қыйылып баққан,
Зийўар айтар, кеўлим дәрьядек аққан,
Кел, ағзы дуўалы әй, назәлимлер.



БИР ЖӘНАН



өзимә көриниб, беглер, бир жанан,
Шийрин жаным отқа яқты да кетди.
Ялғаны йоқ, бул сөзимә, сен инан,
Мың жылўа наз әйлеп, бақты да кетди.

Күн ортада йердим уйқуда ятыб,
Әдеп-икрам билән бизди ойғатиб,
Шийрин-шәкар меңә сөзлерин қатыб,
Заман егләнмәйин шықты да кетти.

Көрген заман аны бағрымны езиб,
Олтурдым жанымдан үмийдим үзиб,
Жаным отқа яқты көзлерин сузиб,
Қәлем қашын меңа қақты да кетди.

Ақлымны кетурдим көрген шул заман,
Ойғаниб уйқудин көрсем, бир жанан,
Кирпиги оқ аниң, қашлары кәман,
Әзиз жаным тәндин шықтыда кетди.

Зыя зулпы мисли рәңли қундыз,
Көрә билмән едим яқыннан ҳәргиз,
Ләйли, Зулайхадек ол сәҳиб тәмиз,
Бади-саба болип ести де кетди.

Шәмши жадыў жәллад, қашлары кәлем,
Қойды сийнәмизә йуз мың дағ әлем,
Наз әйләйуб сужик тилли ол сәнем,
Мәңә бир истанат тақты да кетди.


Сәрәфраз қаўмәти, сәдаф дәнданлы,
Башындын аяқы әдаб-әрканлы,
Ол ҳәм мениң киби йуз мың әрманлы,
Көздин қанлы яшын төкти де кетди.

Ләйли, Зуҳра, Сәнем яңлығ сүўрети,
Туўбы ағашына мегзер қамәти,
Аҳ дегенде шықан ағзының оты
Он сәккиз мың әлем яқты да кетди.


Иззет икрам билан тиләб жаўабы,
Тәўазығлық әйләб, бериб сәлами,
Ғамзә билән бақыб айған кәлами,
Тамам устиханым яқты да кетди.

Үстине кийгени атлас қамқады,
Башда түрме, әлде пәрең румалы,
Ашық Зийўар аны көрген заманы,
Арақ сәйлан етиб ақты да кетди.





ЙОЛ БОЛСЫН



үлгун кийип, мәстан басып келән қыз,
Хабар бериң, перийзадым, йол болсын,
Жилўә билә шийрин жаным алан қыз,
Хабар бериң, перийзадым, йол болсун.

Туриңни мәнзәрәм алғур лашына,
Шәўкет ушын сүрмә шекип қашыңа,
Зәрли руўмал, үки тақып башыңа,
Хабарың бер. перийзадым, йол болсун.

Ләблериң пистәдәк, тишиң маржанды,
Көрген ҳайран, көрмегенге әрманды,
Ҳәр бир сөзиң дәртли қулға дәрманды,
Хабарың бер, перийзадым, йол болсун.

Қулақыңа тақып алтын сырғаны,
Минип көш алдында йурмел-йорғаны,
Көрән болур ақ йузиңниң қурбаны,
Хабарың бер, перийзадым, йол болсун.

Үстиңе кийгениң бәшбент падшайы,
Таўыс рәң көйлекиң гүлгүн дәрайы,
Белбәўиң түрмәдән, зерли қалайы,
Хабарың бер, перийзадым, йол болсын.

Қәлем қашың, қара көзиң сузилур,
Ақ сийнәңә тилла ҳәйкел тизилур,
Йузиңди көргенде бағрым езилур,
Хабарың бер, перийзадым, йол болсун.

Ҳәр сөзинде мың наз етип өлтүрмә,
Ғусса билән йуракимни толтурма,
Ақыл болсаң рәқибләрә билдурмә,
Хабарың, бер перийзадым, йол болсун.

Мен сәни сәўмишәм елдин егәна,
Адыңны қылмадым йуртқа әшкара,
Қойдың мени әда болмас ҳижрана,
Хабарың бер, перийзадым, йол болсун.

Зийўар айтар биздин дәўран өтәнди,
Ғапыллықта әрман болуб кетәнди,
Сени көрип яр кумары тутанды,
Хабарың бер, перийзадым, йол болсун.



СӘЎДИГИМ


Бағ ишинде қызыл гүлдек доланып,
Саллана-мәстана кәлән сәўдигим,
Әнўар шашы нәзик белге шоласып,
Саллана-саллана келән сәўдигим.

Ышқы зимистанын мисли яз етип,
Йуришин мысалы қуба ғаз етип,
Бир қайрылып ашығына наз етип,
Арзыў-әрман билән кетән сәўдигим.

Таўыс киби жылўа менен бақарсаң,
Ашықлардың жүрек-бағрын жақарсаң,
Тилла ҳәйкел ақ көксиңе тақарсаң,
Әл қаўсырып, қушақ ашқан сәўдигим.

Сийнемди сийнеңе қойсам бир заман,
Зәрре ғубар қалмас, көңилде әрман,
Шийрин жаным болсын жолында қурбан—
Дегенде жаныма келән сәўдигим.


Таң шамалы елпең-елпең ескенде,
Көңил бәнтин ашып көңиллескенде.
Әл салысып жуўап бергил десем де,
Бағырлап ҳәр яна баққан сәўдигим.



Пикирим сенсең жатсам-турсам, ойласам,
Бирге ҳайтыў-байрам тойлап шағласам,
Жүз көрисип, шағлап күлип ойнасам,
Руҳымда пәрўаз еткен сәўдигим.

Әли тарқыналы, нәзик миянлым,
Хош пәҳим, хош сүўрет, писте дәҳанлым,
Зийўар айтур сенсең мениң хошгаҳим,
Саллана-саллана гәлән сәўдигим.





БУЛАҒА МЕҢЗЕР



Уәлий көңлим қайнаб ташыб,
Ҳарлаған булаға меңзер.
Дағ башынан арса ағыш,
Сел киби ташғана меңзер.

Тушса яда өткән күнлер,
Ағзымдан шыққан тутунләр,
Хорезмдә йүрән күнләр
Заўқы-тамашая меңзер.

Қалдым айралық дәрдиндә,
Баш қойуб ғамның гәрдиндә,
Ҳәр ким өзиниң йуртында
Дәўлетли султана меңзер.

Айралық мәйин ишәнлар,
Иуртынан айра түшәнләр,
Дәрьядек қайнаб йошанлар,
Көңлиндә уммана меңзер.


Ҳәр ғош йигит өз шағында
Олтурар ышқы тағында,
Бүлбил гүлниң бутағында
Беш-он күн меҳмана меңзер.

Азарын шектим йыракдың,
Мурадым истәдим ҳақдин.
Өртениб дәрди фиракдин,
Йолында пәрўана меңзер.

Машғул болдым дүнья билән,
Шийрин жана салдым тәбән,
Хорезмдән биргә келән
Қардашым дәрмана меңзер.

Зийўар айтур тилдә барын,
Ешит, аллам, аҳыў-зарым,
Хорезмниң бир хабарын
Билмәйин ҳайрана меңзер.





ЕНДИ



Залым пәлек, зулымың билән
Қылдың бизни ҳайран енди,
Ғафыллықда үмирим өтди,
Қалды йүз мың ҳижран енди.

Қазан урды гүлшан бағым,
Күкрәб шыққан йашлық шағым,
Көз алдымда булдур сағым,
Көкирәгим әрман енди.

Елимни айтдым ҳәр йәнә,
Өзимни салдым ҳижрәна.
Табмайын дәрдә дәрмәнә,
Болдым шу күн ҳайран енди.

Сыр бермәдим ҳәр нәмәрдә,
Гул йүзимә түшти пәрдә,
Қауми-қардаш яд ерләрдә,
Йүрек-бағрым бирян енди.

Йүрмә намәрд йолдаш билә,
Йуўма йүзиңни яш билә,
Өмир өтирсәң хош билә,
Ақыр соңы ўайран енди.

Яры-дослар, сүриң дәўран,
Йүрәкдә қалмасун әрман,
Ақырында қыз ўә жәўан,
Қылур бир күн әрман енди.

Ялан дүнья өтер-кетер,
Душман аяқында ятар,
Әжел бир күн шараб тутар,
Суд әйләмәс, гирияң енди.

Гәҳи йығлап, гәҳи күлдим,
Яман ишләрдан шекилдим,
Зийўар айтур, мен игилдим —
Ҳақдин тиләб ийман енди.



Әрман билән өмир өтип барады,
Қайғыў-ғусса билән өтсә керәкти.

Уйықлап ятар, билмес таңның атқанын,
Ери нетер ҳақның аңа шатқанын,
Миннет қылар ерине бирге ятқанын,
Безеңлеп ол йерде турса керәкти.

Базы келин келер өңүрин ашып,
Еринин буйырған ишинен қашып,
Яман қатын алып йүрмәң шатасып,
Зийўардан ўәсият қалса керәкти.

ХОШ ИМДИ

(Атасына айтқаны)

Қашшақлық дуньяда ҳәрнедин яман,
Кетер олдым мәңа рухсат бер имди,
Айланып келгенше болғайсыз аман,
Меҳрибан мушфықым, атам, хош имди.

Бақсам ҳеш нәмә йоқ солы-сағымда,
Кабаб олдым мен пақырлық дағында,
Айра түштим, яшың еткен шағында,
Меҳрибан мушфықым, рухсат бер имди.

Ғапыл олма, яд ет ҳақны субҳы-шам,
Ҳақның зикри билән болғайсаң даўам,
Тил үзре дуғада болғыл әлмудам,
Меҳрибан мушфықым, рухсат бер имди.

Яшың етип, сениң өтти заманың,
Йелдек елип йүкирип өтти дәўраның,
Мәҳшәр күни йолдаш болсын иймапың,
Ғамхорым, атажан, пәтия бер имди.

Кетер болды уғлың Ҳажынияз,
Аман болса, барып қайтар шул язы.
Бәнәгә мәўит олсам, болғайсаң разы,
Кем кеўилли гедей атам, хош имди.

Сәргиздан йолыны еттим ирада,
Қудайым йеткергей мақсуд-мурада,
Уғлыңның ҳаққында болып дуғада,
Меҳрибан мушфықым, қабам, хош имди.

Мында бир ырзаман, ата, мен сендин,
Келурмән шықмаса жаным бул тәндин,
Жан барда-қаза бар, ырза бол мендин,
Ғамхорым атажан, қолың бер имди.

Ҳажынияз айтур, төкме көз яшың,
Сәниң бел мәдарың, көңил қуўанышың,
Мәўит олсаң, ийманың болғай йолдашың,
Ғамхорым атажан, қолың бер имди.

ҒАМ ЙЕМӘ

(Қызы Ҳүрзадаға айтқаны)

Мени кетти дийуп көзден яш төкип,
Бойның бурып мәлул болып ғам йемә.
Әлипдек қәддиңни яй киби бүкип
Бойның бурып, Ҳүрзаджан, ғам йемә.

Мен кетермен алты ай арқаға йайағ,
Игнимде қоржыным, әлгимде таяқ,
Мен кетермен, балам, енди әлўидағ,
Бойның бурып, Ҳүрзаджан, ғам йемә.

Көзиңдин яш төкип болмағыл мәҳзун,
Ғам шекип ҳалыңны әйләмә зәбун,

Сағ олсам, иншалла келурмән бир күн,
Бойның бурып, Ҳүрзадажан, ғам йемә.

Мәни кетти дийүб, жаным, ағлама,
Хунабалар йутып бағрың дағлама,
Ерте турып, ата дийип йығлама,
Мен келурмән, Ҳүрзадажан, ғам йемә.

Ғам ғуссада олма пистә дәҳаным,
Лафзи жандын сүшик, шийрин зибаным,
Келурмән бар олса тенде бу жаным,
Бойның бурып, Ҳүрзадажан, ғам йемә.

Иншалла, көрермән жамалын келип,
Йүргәйсәң сағ олып, ойнайып күлип,
Мен келурмән ҳәрне тапқаным алып,
Бойның бурып, Ҳүрзадажан, ғам йемә.

Қәддиңни бүкмәгил хунаба йутып,
Гүл йүзиң солдырма ҳеш матам тутып,
Келурмән өлмәсем, әжелим йетип,
Бойның бурып, Ҳүрзадажан, ғам йемә.

Йығламағыл, өмириң болсын зыяда,
Қайғы шекип, қан йүтмағыл дүньяда,
Көзиңдин яш төкип, қызым Ҳүрзада,
Бойның бурып, мәлул болып ғам йемә.

Кетер болды атаң Ҳажыниязы,
Сағ олсам келурмән барып шул язы,
Бәнагә мәўит олсам, болғайсаң разы,
Бойның бурып, Ҳүрзадажан, ғам йемә,

ҚАЛ ИМДИ

(Әжинияздың баласына айтқаны)

Йығламағыл қара көзге яш алып,
Жаным үзрә сәўер қозым, қал имди.
Мен кетәрмән дүнья ушын баш алып,
Зибан үзрә сөзлер сөзим қал имди.

Сәргиздан йүртыны қылдым ирадә,
Қудайым еткүргей мақсуд-мурада,
Ата-анаң ҳаққында болып дуғада,
Сәўер қозым, ағламайын қал имди.

Тәўеккәл әйләйүп қылмышам сапар,
Үмийдим көп әрур, тапқайман зәфәр,
Қудайым сақласа йоқдур ҳеш қатәр,
Көрер көзим, ағламайын қал имди.

Мән кетәрмән, қозым балам, йығлайып,
Әлимә сәўт алып, бағрым дағлайып,
Атаңны өртеме қозым ағлайып,
Сөзлер сөзим, ағламайын қал имди.

Сән ағласаң, қозым, көңлим бузылур,
Жисмим ота күйип, бағрым езилур,
Әзиз тәнде шийрин жаным үзилүр,
Көрпе қозым, ағламайын қал имди.

Қудайым өмириңни қылғай зыяда,
Хоры-зар етмегәй еки дүньяда,
Мән кетмишем узақ йола пияда,
Нәғмәтилла, ағламайын қал имди.

Алты айлық арқаға кетәрмән йайаған,
Игнимде хоржыным, әлимде таяқ.

Аллаға тапшырдым, уғлым, әлўидағ,
Бел мәдарым, Нәғметилла, қал имди.

Сән ерүрсәң көрер көзим рәўшаны,
Бағы бостанымның таза гүлшәни,
Аллаға тапшырдым уғлым мен сәни,
Мәлул олып, ағламайын қал имди.

Көзимниң рәўшаны, жаным, әй, уғлым,
Сергизданны хәҳиш еткен бу көңлим,
Иншалла, келурмән, етмесе өлим,
Бойның бурып, ағламайын қал имди.

Сени тапшырмышам, уғлым, аллаға,
Тәкие қылып, ялбармышам қудаға,
Сән ушын кетәрмән мал деп арқаға,
Жигер-бағрым, ағламайын қал имди.

Хош аман бол, Нағметулла, бир қозым,
Көңлимниң қуўанышы жигерий-бәндим.
Мунда турай десем йоқтур илажым,
Қанлар йығлап, ағламайын кал имди.

Кетер сәргиздана Ҳажыниязы,
Аманда болғайсаң көңлим қуўанышы,
Белимниң мәдары, башымның тажы,
Сәўер қозым, Нағметулла, қал имди.

НАҒМАТУЛЛАНЫҢ АТАСЫНА АЙТҚАНЫ

Бундын кетер болсаң имди сәргиздан,
Аллаярың олғай, атам, хош имди.
Көзлеримдин яш орнына ақар қан,
Меҳрибаным, кабам, атам хош имди.

Сен кетерсең сергиздана бел бағлап,
Мен мунда қалурман мудамы ағлап,

Кеше-күндиз йүрек бағрымны дағлап,
Ғамхорым, атажан, кабам, хош имди.

Сапарың оң болып, болғай қуда яр,
Әўлия, әнбия болғай мәдәдкар,
Не бизде напақа, не—килибас бар,
Ғамхорым, атажан, кабам, хош имди.

Мен ушын ғам йеме, кабам, аман, бол,
Ҳәргиз ғам йемегил, сен шадыман бол,
Ҳәр йерде йүрсең да, ата, аман бол,
Кетсең йолың болсын, ата, хош имди.

Сен кетерсең, ҳалым не кешер мунда,
Сағ-саламат олғыл йүрсең ҳәрқанда,
Тез жетискил, йығламағыл сен анда,
Ғамхорым, атажан, кабам, хош имди.

Йокдын бизни бар әйләгән қудайым,
Бизләрни беладан сақлағай дайым,
Дийдарыңны несип еткей илаҳим,
Ғамхорым, атажан, кабам, хош имди.

Қайғы бирле кешер уғлың шеб руўзы,
Ғусса бирлә зағпырандек гүл йүзи,
Бизләрни сақлағай қуданың өзи,
Ғамхорым атажан, қабам, хош имди.

Ҳақ таала болғай сениң ғамхорың,
Шадлық билән йегейсең сен нәҳәриң,
Қуда несийб қылғай йәне дийдарың,
Ғамхорым атажан, кабам, хош имди.

Сапарың оң болғай, Хизр йолдашың,
Аллаға тәкие қыл ҳәм ет саўалың,
Дуғададур Нағметулла бул уғлың,
Ғамхорым атажан, кабам, хош имди.



ӘЖИНИЯЗ БЕНЕН ҚЫЗ МЕҢЕШТИҢ АЙТЫСЫ

Меңеш:



ленди айталмайды ҳеш ким мендей,
Мен айтаман өленди кемеңгердей.
Сақлап қойып қара өлең ырыс болама,
Айт дегенде өленди қоя бермей.
Жолбарыстың еркеги, урғашысы,
Екеўи де аң алар қарап турмай,
Өленди ашыўлансам, жеп қоярман,
Жаз бағып, гүзде сойған семиз сурдай.

Хожеке, айтып өлең арыдың ба,
Болмаса жасың жетип қарыдың ба?
Қызыман Байтурсынның, атым Меңеш,
Хожеке, әли мени таныдың ба?

Әжинияз:

Мен өзим өлең айтып ҳарымадым,
Аўылыңа, бир әрманым, дарымадым.
Қазақта Меңеш те көп, Дәмеш те көп,
Бурыннан көрмеген соң танымадым.

Меңеш:

Хожеке, былтыр мени көрмедиң бе?
Мениң Меңеш екеним билмедиң бе?
Қайтқанда теңиз жақтан бир бала мен,
Үстиме суў басында келмедиң бе?

Әжинияз:

Жүзиң ысық көринер бир көргендей,
Айтысып күни-түни бир жүргендей,
Былтырғы суў басында жалаңаш қыз,
Сен бе едиң сынық өркеш ғарры ингендей?

Меңеш:

Астыма минген атым сур қарагер,
Сорғалап сур қарадан ағады тер.
Моллалар көрисиўди сүннет дейди,
Хожеке, көрисейик, қолыңды бер!

Әжинияз:

Көриссек көрисейик, аў қыз бала,
Жасыңды узақ қылсын алла таала,
Былтырғы суў басында Меңеш болсаң,
Жүрсең бе аман-есен ойнап ғана.

Меңеш:

Мен жүрмен аман-есен ойнап-күлип,
Тойларда өлең айтып, дәўран сүрип.
Аман барып, есен саў келдиңиз бе,
Ата-ана, ағайин, журтың көрип?

Әжинияз:

Мен келдим ағайинди, журтым көрип,
Атам менен анама сәлем берип.
Ендигисин өзиң бил, арыў Меңеш,
Қолыңа бир ақ суңқар қонды келип.

Меңеш:

Үстиңе кийген тонын қызыл болсын,
Хожеке, өмир жасың узын болсын.
Енди сеннен жол болсын сорасайық,
Келипсең тойханаға, жолың болсын?

Әжинияз:

Еситтим сизди алашта бал қымбат деп,
Мен келдим бир көриўге, қандай зат деп,
Қоймады ҳеш еркиме мырза Қожбан,
Тусында ақ Меңештиң өлең айт деп.

Меңеш:

Мен өзим қызыл тилге журттан озған,
Келдиң бе жеңемин деп мени, жазған?
Жатып қалған жериңнен сүйрелеклеп,
Сен байғусты әкепти-аў мырза Қожбан.

Әжинияз:

Айтыс деп алып келди мырза Қожбан,
Мен де сендей қыз көрсем, арқам қозған.
Болғанда сәҳәр ўақты қызығын көр,
Тосаңлығым бар мениң, бирден қызбан.

Меңеш:

Өлеңге сен де озсаң, мен де озған,
Көргенде өлеңшини арқам қозған,
Көсилип жолым үйде жата бермей,
Келдиң бе жеңемен деп мени, жазған?

Әжинияз:

Сен де озсаң өлеңде, мен де озған,
Көргенде өлеңшини арқам қозған,
Қалай айтсаң, солай айт, ақ Меңеш қыз,
Шайтаным сескенбейди сендей қыздан.

Меңеш:

Өлеңге сенде озсаң, мен де озған,
Көргенде өлеңшини арқам қозған.
Ҳәр ақын өз шамасын билген жақсы,
Шабан ат жүйриклерден қашан озған?

Әжинияз:

Өлеңге сен де озсаң, мен де озған,
Аңлап шап, байталыңды, жығылар, жазған.
Байталыңның борбайына қамшылама,
Ҳеш жерде барма байтал аттан озған?

Меңеш:

Байталым ҳәр бир аттан озып жүрген,
Қазақта ат жоқ буның шаңына ерген,
Байталым жүйриклиги журтқа мәлим,
Ҳәр тойда бас бәйгини алып жүрген.

Әжинияз:

Ақ, Меңеш, бүгин таңас, енди жатпа,
Жата ғойсаң байталың болар қатпа,
Байтал шаўып бәйги алмас деген сөз бар;
Атқа жарысып байталың тыртаңлатпа.

Меңеш:

Байталым ҳәр бир аттан озып жүрген,
Мал көрмес, бул байталды атқа берген,
Ат бийеден туўады деген сөз бар,
Асыл туқым қазақтан сыншы көрген.

Әжинияз:

Байталың айтыўыңнан жүйрик байтал,
Бизде бар гүрең айғыр, шым қара жал.
Еки ҳасыл шағылса, тулпар туўар,
Арғымақ айғыр сал да, баласын ал.

Меңеш:

Хожеке тилиңизди сөйлең тартып,
Сен ушын бар қазақта табын артық,
Ойдағы көде жеген арғымақтан,
Қырдағы селеў шалған жабым артық.

Әжинияз:

Жайықтың жаз гүркиреп ағысы бар,
Айғырдың асаў берен тағысы бар,
Ақ Меңеш, сен билмесең мен айтайын,
Ҳәр айғырдың өзинше шабысы бар.

Менеш:

Жазғы турда гүркиреп ағар Жайық,
Орыслар сол Жайыққа салар қайық,
Истесең қайым өлең қайырларсаң,
Хожеке, жөн өленди айтысайық.

Әжинияз:

Мен өзим өлең баслап айталмайман,
Өленди биреў айтса қайтармайман,
Жөн өлең, қайым өлен, не айтсаң да,
Ақ Менеш қыз, изиңнен мен қалмайман.

Менеш:

Аўылымның ақсақалы жомарт Қасым,
Мен сениң болалмаспан тең қурдасың,
Келбетиң хан төредей келисикли,
Хожеке, жылынды айт, неде жасың?

Әжинияз:

Той болса қызыл тонды кийермисең,
Отына ашықлықтың күйермисең,
Жылым қой, жасым қырқта, арыў Менеш.
Сен маған, жылым сорап тийемисең.

Менеш;

Хожеке, жасың қырқта, жылың қойды,
Дүньяның қызығы тек айт бен тойды,
Мен саған тийер едим, шынын айтсам,
Биреўге әке-шешем берип қойды.

Әжинияз:

Не қылсын бермей сени, мал болмаса,
Ишпеге айран, жемеге нан болмаса,
Ҳаўа енеден қалған жол, нетер дейсең,
Күйеўиң алпыс жасар шал болмаса...

Мeңеш:

Сур қара суў ишеди, жем бермеймен,
Минемен, қысы-жазы дем бермеймен.
Шал болса да бул Бекеш өзиме жас,
Мен оны боз баладан кем көрмеймен.

Әжинияз:

Ақ, Меңеш, несип қосқан ярындағы,
Асылған қәтебиңде нарындағы,
Олай демей, ақ Меңеш, сен не дейсең,
Шал да болса, өзиңниң барындағы.

Ылайық ақ боз үйге бала екенсең,
Шал қойнында жатқаның сорындағы.
Боз баладай көргениң Бекеш болса,
Түнде байың, күндиз бир қулындағы.
Шал да болса, не илаж, қутлы болсын,
Бир есептен өзиңниң теңиңдағы...

Меңеш:

Хожеке, келмегейди керилшегиң,
Боз үйде усламасын ериншегиң,
Соншама пańсынасаң пәтке минип,
Барма өзи сол айтқандай келиншегиң?

Әжинияз:

Жыйылып тамам тама табынша жок,
Мыңсан кинәз орыстың ханынша жоқ,
Елимде қатыным бар айдан арыў,
Қазақтың он қызы бир санынша жоқ.

Меңеш:

Байғус-аў, әйтеўирде жүдеп келдиң,
Жоқарыдан-төменнен не гәп билдиң?
Обалы жеңешемниң мойнына,
Оны таслап, қазаққа не деп келдиң?

Әжинияз:

Елимнен мен қазаққа мал деп келдим,
Жоқарыдан-төменнен ҳәр гәп билдим,
Өзиңдей аты шуўлы мырза қыздан,
Елтири сеңсең кийсем мен деп келдим.

Меңеш:

Елтири жок, сизге бар тери-терсек,
Бөрик тигип кийерсиз соны берсек.
Тәмегәй болар дейди молла халқы,
Елтири тон дәметер сәлем берсек.

Әжинияз:

Алмайман ол териңди берсеңде мут,
Берсең де кетеримде қалар умыт,
Бермеген сорағанда елтириңди,
Әкетер келсе, орыс, ноғай, уңғыт.

Меңеш:

Хожеке, қайт елиңе жыйнасаң мал?
Қайтпасаң жеңешеме болар обал,
Орысқа бар елтирим өзиңе жоқ,
Ишиңе пышақ урда жарыла қал.

Әжинияз:

Мәмбет төре бас болып келеди қол,
Көплиги қолдың журсе қазылар жол,
Меңешим, қоң етинди аяйынба,
Маған десең орыстың қатыны бол.

Меңеш:

Айтысып мениң менен тиреўиң ким,
Жығылсаң көп ишинде сүйеўиң ким?
Қалпақбысаң, сартбысаң саўдабайлы,
Аты-жөниң ким, Хожам сүйегиң ким?

Әжинияз:

Бир алладан өзге жоқ сыйынарым,
Сөзимди қупламасаң қыйын ҳалым,
Әкемниң қойған аты Әжинияз,
Сүйегим қарақалпақ, уғып алың.

Меңеш:

Қалпақ болсаң, жанымсаң, жат болмасаң,
Сақалыңа ақ енген қарт болмасаң,
Қолың жайып бизлерден не тилейсең,
Зәриўлик щарўаңды сен айт болмаса.

Әжинияз:

Мен тилермен, биракта сен бермессен,
Бизлерди мүсәпир деп көзге илмессен,
Мен де бир уллы журттың ақыны едим,
Ақ Меңеш, қәдиримди сен билмессең.

Меңеш:

Мен саған кел дедим де, келмедиң бе?
Еле мен қәдириңди билмедим бе?
Хожеке, өйтип меннен не тиледиң,
Мен саған тиледиң де бермедим бе?

Әжинияз:

Астыма минген атым сур қара жал,
Көкирегиме бир бөлек кирди қыял,
Өзиң айттың күн бурын сен тиле деп,
Ал тиледим, ақ Меңеш, қойныңа ал.

Меңеш:

Астыма минген атым сур қарагер,
Сорғалап сур қарадан ағады тер,
Хожеке, аңлап сөйле көп ишинде,
Еситсе Бекеш сениң етиңди жер.

Әжинияз:

Бойыңа қара суўдың питер қайың,
Шал Бекеш алған екен сениң айың,
Бекештен сен қорықсаң да, мен қорықпайман,
Минермен бир байталдың сорап майын.

Меңеш:

Питиссе түркмен-адай табысып жол,
Гүзекте жылдағыдай атланбас қол,
Талақтай жабысып бир айрылмайсаң,
Қойным түгил, мойнымнан садаға бол.

Әжинияз:

Өлеңге сен де жетик, мен де жетик,
Айтсаңшы жүйрик болсаң таслап кетип,
Ерегиссем әкеңе малым берип,
Аларман ақ Меңешти тоқал етип.
Әрманың ат басындай, арыў Меңеш,
Алған байың аппақ шал, тиси кетик,
Сөз өзиңе келерин аңламайсаң,
Мен садағаң боларман сеннен нетип?

Меңеш:

Хожеке, ашыўланба ойыныма,
Қойып кет болса кинәм мойыныма.
Көңилиң соғар, қолыңнан ҳеш ис келмес,
Әйтпесе, алар едим қойыныма.

Әжинияз:

Алар болсаң ал, Меңеш, қойыныңа,
Мен салайын қолымды мойыныңа,
Көрмеген ислериңди көрсетейин,
Сен мениң шыдай алсаң ойыныма.

Меңеш:

Шыдамас жигит мениң булғаўыма,
Ҳеш бирин теңгермеймен шылғаўыма.
Жаз байлап гүз жиберген кер гүрендей
Сескенбеспен бир түнги ырғаўыңа.

Әжинияз:

Жаққаны бизиң елдиң жыңғыл отын,
Өзге отындай жыңғылда болмас түтин.
Көрейин бардасынды, арыў Меңеш,
Қойныңа алшы онда бир ғана түн.

Меңеш:

Аўылға бар десем де баралмассаң,
Барсаң да үй сыртына келалмассаң,
Хожеке, тойханада мақтансаң да,
Қойныма жүрек етип кире алмассаң.

Әжинияз:

Елимде айтта-тойда жүриўши едим,
Қызлар менен мен ойнап күлиўши едим,
Ақ Меңеш, сендей кербаз сулыўлардың
Тайдырып ергенегин кириўши едим.

Меңеш:

Не татлы бул дүньяда, татлы екен туз,
Билеңи Меңеш десе бул киши жүз.
Хожеке сеннен мен бир сөз сорайын,
Бизлердей бар ма елиңде әдеми қыз?

Әжинияз:

Ақ Меңеш, қыз ишинде сен көз ойнақ,
Сулыўдың әўлийеси астырт ойда-ақ.
Қызлардың әдемиси бизиң елде,
Ҳеш бири бети шубар емес, сойлақ.
Қазақта ақсақ, шойдақ көп болама?
Талайын көрип қалдым усы тойда-ақ,

Дуз тартып бара койсаң бизиң журтка,
Астыңа атан түйе минип жайдақ,
Малсыз-пулсыз мени ал десеңдағы,
Алса алар тоқаллыққа, алмас бойдақ.

Меңеш:

Хожеке, мақтанасаң қайдағыңа,
Жаяўлап жете алмассаң жайдағыма,
Қалпаққа тоқал түсиў былай турсын,
Қыйсайып қарамайман бойлағыңа.
Ерте тура азаннан ел көшеди,
Көшкен күни адамның көнли өседи.
Хожеке, тағыда бир мақтаныл бер,
Қызларыңыз не жейди, не ишеди?
Көшкенде қызларыңыз не минеди?
Айтта-тойда кызларың не кийеди?
Қарақалпақ деген де журт болып па?
Дегениң қарақалпақ немене еди?

Әжинияз:

Жегени майлы палаў, ишкени шай,
Шай ишип, палаў жесе, көңили жай,
Қолында шыны кесе, шыны шайнек,
Ишеди кантлы шайды қара суўдай.
Басында жипек түрме, шайы жегде,
Қызлары бизиң елдиң мине сондай.
Қазаққа былтыр келдим, быйыл келдим,
Мен еле көргеним жоқ қызды ондай,
Көшкенде көлеңкели бар күймеси,
Көйлеги дарайыдан зер түймеси,
Шылдырлап ҳәйкел менен өңир моншақ,
Билезик, жүзик, сырға көп немеси.
Тал шыбықтай таўланған бели қылдай,
Төсинде тастан қатты қос мәммеси,

Кийинип ҳайтлап шықса оны-беси.
Ҳеш айланбай кетпейди көрген киси.
Көринер ишкен асы тамағынан,
Сен түўе ҳүрлер менен бардур бәси,
Арқадан бирли-жарым қазақ барса,
Бир көргеннен қалады аўып еси.

Меңеш:

Қосылса еки жақсы балдай болар,
Биреў тән, биреўи жандай болар,
Хожеке, мақтаныўға шеберсиң-ақ,
Жигити сизиң елдиң қандай болар?

Әжинияз:

Жигити бизиң елдиң болар ғошшақ,
Белинде тилла камар, алмас пышақ,
Басында қара бөрки селкилдеген,
Пашшайы сым балағы жипек шашақ.
Мингени арғымақ ат мойны қуўдай,
Үстинде ақ баслы ер басы шошак,
Басында гүмис жүўен, қос сийнемент,
Көйлекшениң шашағы қушақ-қушақ,
Өткерген қуйрығына алтын губба,
Жал менен кекилинде маржан моншак,
"Қарақалпақ халық па?" деп шалжақлайсан,
Журттан озған әкеңиз бай ма сонша-ақ?
Үстиңде бир тоқтылық кийимиң жоқ.
Жайың жок мақтанғандай, ҳалыңа бак,
Ақ Меңеш, айтты да қой, тойды да қой,
Үйиңде услада отыр қазан-ошақ.
Қарақалпақ қазақ пенен теңбе-тең журт,
Көрмей-билмей сыртынан қылма мазак,
Қап-дорбаңның жыртығын жама да отыр,
Қолыңа алып кетик қазан пышақ.

Меңеш:

Астырттан қалпақ келер жетеленген,
Ҳәр үйден қайыр сорап, нан тиленген.
Хожеке, елиң сондай мырза болса,
Келеди қалпақ неге тентиреген?

Әжинияз:

Жаз болса тама, табын шабады шөп,
Суў ишип суўсынына, қара нан жеп,
Ҳәр елдиң ондай ашы болмай ма екен,
Аш қазақ бизиң елде оннанда көп.

Меңеш:

Астыма минген атым шубар шолақ,
Қалы бар саўырсында жолақ-жолақ,
Қазаққа тоқаллыққа қызын берип,
Шараң не мақтанғандай қалпақ шунақ.

Әжинияз:

Ақ Меңеш, даўраның сүр ойнап күлип,
Бул даўран өтер-кетер аттай желип,
Қоян жылы қазақлар жутағанда,
Астыртқа арқаланып барды бүлип.
Күн көрди қазақлардың кәтқудасы,
Аўзы түкли қулларға қызын берип,
Сонда өзиңдей қыз кетти тоқаллыққа,
Қалыңына бир көйлеклик бояқ берип.
Ат минип күн көрип жүр күйеўинен,
Еле де қатнасықлы барып келип,
Бул заман келме гезек, терме тезек,
Айтасаң оның несин салық қылып.

Меңеш:

Мен өзим өлең айттым он жасымнан,
Атандым ақын Меңеш жас басымнан,
Өзимниң усы тойда күйеўим бар,
Хожеке, көп сөйлемей кет қасымнан,

Әжинияз:

Қарағай қайың ағаш, терек емес,
Елиңе сыбай қондым, ерек емес,
Тусыңа қызбекен деп келип едим,
Маған да сендей қатын керек емес.

Меңеш:

Қазаққа быйыл келдиң, былтыр келдиң,
Қатының, балаң таслап не деп келдин,
Аўзың жап, аңлап сөйле, қарақалпақ,
Мениң қатын екеним қайдан билдиң?

Әжинияз:

Сабыр ет, сөз төркинин қазбалама,
Қыз болсаң басыңды шат бозбалаға,
Ақ Меңеш, аңламасам айтаман ба,
Бекеш шалдың кемпири қыз бола ма?..

Меңеш:

Хожеке, ақынсың-аў тилге епти,
Бул елде сендей миншил сыншы көпти,
Керегениң басына қыстырылған
Майды көрип бир пышық, "сасық" депти.

Әжинияз:

Ақ Меңеш, ашыўланба ойын сөзге,
Өлеңши болып жаслай түстиң көзге,
Айтыстың арашасы болмас деген,

Тамашасы көп болар оның изде.
Ақ Меңеш, өлең айтыў оңай емес,
Бул айтыс бизиң ушын қолай емес,
Шернияздай шер болсаң айтысарем,
Не дәркар қатын менен қуры егес,
Артық кетсем, әпиў ет, кешир сәўлем,
Арқаның ақ маралы арыў Меңеш.

Меңеш:

Хожеке қайтип тилиң сынды сениң?
Еркеклигиң есиңе келди сениң,
Қозы сойып, батаңды мен алайын,
Назериң қайт болмасын енди сениң.

Әжинияз:

Ақ Меңеш, ашық болдым ала жаздан,
Кем емес қызыл тилиң Шернияздан,
Қошқардай алтын айдар ул табарсаң,
Қозы сойып, пәтия алсаң Әжинияздан.
Ақ Менеш, толғатқаның егиз болсын,
Хәр туўғаның бири ул, бир қыз болсын,
Қойдай қозылап, қояндай тез-тез туўып,
Төрт жылда туўған балаң сегиз болсын,
Он жылда отыңның басы улға толсын,
Өзиңдей айтуўарлы қызың болсын,
Алғаның Бекеш пенен қоса ағарып,
Өзиңниң өмир жасың узын болсын...

Халық аўзынан жазып алған:

...ерген Аяпберген улы Муўсаев.

Шоманай.

МАЗМУНЫ

Редакторы *Яқыпбай Әжимов*
Қарап шығарғанлер *Өтебай Сәрсенбаев, Көбейсин Ерназаров*
Художниги *Исмайыл Қыдыров*
Тех. редакторы *Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры *Арзыхан Аташева*

ИБ4727

Териўге берилген ўақты 20. х. 94 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 15. 11. 94 ж. Қағаз форматы 70x108$^1/_{32}$. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 3,625 б.т, 5,07 шәртли б. т. 5,10 есап б. т. Нусқасы 3000. Буйыртпа №241 Баҳасы шәртнама бойынша.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөз бойынша Мәмлекетлик Комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9,